ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м и ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЬАНДЭРЭ КЪЫДОКІ

№151 (23.965) ● 2019 гъэм дыгъэгъазэм (декабрым) и 19, махуэку ● Тхьэмахуэм щэ къыдокІ ● И уасэр зы тумэнщ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

КъБР-м и Іэтащхьэр, связым и Іэмалхэр къигъэсэбэпри, хэтащ Наркотикхэм ятеІэтынымкІэ къэрал комитетым и лэжьыгъэм

КъБР-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Казбек, связым и Іэмалхэр къигъэсэбэпри, дыгъуасэ хэтащ Наркотикхэм ятеІэтынымкІэ къэрал комитетым и зэІущІэм. Ар иригъэкІуэкІащ Урысей Федерацэм къэрал кІуэцІ Іуэхухэмкіэ и министр Колокольцев Владимир.

ЗЭІУЩІЭМ хэтахэм даІыгъащ наркотикхэм ятеІэтынымкІэ къэрал политикэм 2030 гъэм тращІыхьа и стратегием и проектым къыщыгъэуба Іуэху нэхъыщхьэхэр. А документыр гъэхъэзырынымкІэ комитетым и ІапкІэ къызэриГъэпэща лэжьакІуэ гупым министерствэ, ведомствэ зыбжанэм я Іэщ1агъэлІхэр хагъэхьауэ щытащ. Ахэр хэпІащ наркотикхэр хабзэм емыгъэтхъэкъуным зэрызэблагъэкІыр къызэпыдыным, цІыхухэр а щхъухьым емыгъэтхъэкъуным теуухауэ къыхалъхьа Іуэху псоми.

Урысейм и МВД-м и унафэщІым къызэхуэсахэр щыгъуазэ ищІащ Стратегиер щызэхалъхьэм иджырей зэманым щыІэ зэфІэкІхэмрэ гугъуехьхэмрэ нэсу къызэрагъэсэбэпам. Апхуэдэу абы жиІащ наркотикхэм ирисондэджэр щІэпхъаджащІэ гуп тхьэмахуитІ ятеІэтэ сэтей къызэращІар. «Гупым хэтхэм а щхъухь бзаджэр Москвараз абы къегъэщІылІа щІыпІэхэмрэ, Санкт-Петербург, Ленинград областым щащэрт, интернет-тыкуэнхэр къагъэсэбэпурэ. А хабзэншагъэм абыхэм мазэ хъс фейдауэ сом мелуани 10 хуэдиз къыхахырт. Хабзэм и хъумакІуэхэм яхуэзфІэкІащ а интернет-тыкуэнымрэ гъэпщкІуауэ лажьэ лабораторэмрэ сэтей къащІыж. Уголовнэ жэуапым щыІу 15 ирашэлІащ», - жиІащ министрым.

Колокольцев Владимир къытригъэзэкри жиІащ аптекэхэри мы Іуэху мы-хъумыщІэм зэрыхэтыр. Абы къыхэкІыу иджыпсту фармацевтикэм и Іуэхущ1апІэхэри щІапщытыкІ.

Наркотикхэм ятеІэтынымкІэ къэрал комитетым и унафэщІым зэрыжиІамкІэ, мы Іуэхуэхэм иджыри кІэ игъуэтакъым. Ауэ сэбэп хуэну къыщІэкІынщ акъылыр зэІызыгъэхьэ щхъухьэхэр зыхэлъ пкъыгъуэхэр рецептыншэу зэращэм къыхэкІыу дыгъэгъазэм и 1-м къыщыщІэдзауэ уголовнэ жэуапым ирашалІэну зэрыхуитыр. Иджы Уголовнэ кодексым и 234-нэ статьям тету суд тращІыхьынущ «Прегабалина», «Тропикамида» жьхуаІэхэр зыщэхэм икІи ахэр нэхъыбэ дыдэу ильэси 8-кІэ яГъэтІысынкІэ хъунущ.

Министрым къыхихыгъэщхьэхукІащ законхэр гъэтэмэмыным, гъэтхІиныным, хабзэхъумэ лэжьакІуэхэм я егупгуныгъэр къэІэтыным къыдэкІуэу профилактикэ лэжьыгъэмэ гулъытэшхуэ зэрыхуащІыр. Дыз3рыт ильэсым и мэкъуаугъэуэм и зэкъуэ Наркотикхэм ятеІэтынымкІэ дуней1псо махуэм ехьэлІауэ Іуэху зэмылІэужьыгъуэу мин 3,5-м щыІэу ирагъэкІуэкІащ. ООН-м и зэІущІэ щхьэхуэм зэрыщыкІаламкІэ, ди къэралым Іуэхушхуэ зэфІигъэкІащ наркотикхэм ятхьэкъуэхэр гъэмэщІэным хуэунэтІащ.

ЗэІущІэм къыщыпсэпльахэр зэакъылэгъу хъуащ иджырей лъэхъэнэм хэкІыпІэщІэхэр къэгъэтын икІи профилактикэ Іуэхуэхэр щІэрэхуэгьжьэн зэрыхуейм кІэ. Абы и лъэныкъуэкІэ лэжьыгъэ пыухыкІахэр щылэщ - къэралым и щыналъэхэм псынщІэу зыщеужь интернетыр къагъэсэбэпурэ наркотикхэр зэблэзыгъэкІхэм ятеІэтыным хуэгъэзауэ волонтёрхэм ирагъэжьа Іуэхум. Абы хэтщ школакІуэхэр, студентхэр, егъэджакІуэхэр.

ЗэІущІэм къыщащтащ Наркотикхэм ятеІэтынымкІэ къэрал комитетыр 2020 гъэм зэрылэжьэну планыр.

Къэбэрдей-Балъкъэрым щыІэ хабзэхъумэ Іэнатіэхэр зэпымыууэ йогугъу наркотикхэмрэ акъылыр зэІызыгъэхьэ адрей щхъухьэхэмрэ республикэм къызэрашэр къызэпыудыным, апхуэдэу щІэпхъаджащІэ гупхэр сэтей къэщІынным. «Іуэхум 2019» лэжьыгъэм хиубыдэу наркотик зыхэлъ къэкІыгъэхэр зыщэжэр уголовнэ, административнэ жэуапхэм ирашалІэ.

Дызэрыт ильэсым КъБР-м Узынщагъэр хъумэнымкІэ и министерствэм и Наркодиспансерыр къагъэщІэрэщІэжащ, ар зыхуеину Іэмэпсымэхэмрэ хущхъуэхэмкІэ къызэрагъэпэщащ. Абы и поликлиникэ къудамэм щолажьэ балигъ мыхъуахэм ящыщу наркотикхэр зэзыхьэлІэу щІэзыдзахэр гъэхъужьным елэжь амбулаторэ щхьэхуэ.

КъБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ1апІэ.

Быф Анатолий ягъэлъапІэ

● Къэрал гулъытэ

УФ-м и Къэрал Думэм зэІущІэкэр щригъэкІуэкІ и пэшышхуэм дыгъуасэ Іуэху гуапэ щекІуэкІащ. УФ-м и Къэрал Думэм и Унафэщ1 Володин Вячеслав Виктор и къуэм Къэрал Думэм и ЩІыхь тхьылъыр къритащ Къэрал Думэм и депутат, Мэкъумэш Іуэхуэхмкіэ комитетым хэт **Быф Анатолий Жэмал и къуэм**, ар хабзэубзыхуэ лэжьыгъэм жьыдкэру зэрыхэтымрэ Урысей Федерацэм парламентаризмэм зыщегъэуэжьныныр хуищІа хэлъхьэныгъэшхуэм папщІэ.



Нобэрэ пщэдейрэ

Дыгъэгъазэм и 19, *махуэку*

♦Хуэмыщ1ауэ псэуэм защІэгъэкъуэным и дунейпсо махуэщ

♦Урысей Федерацэм Шынагъуэншагъэмкіэ и Къэрал Къулыкъым и дзэ тІасхъэщІэх Іэнатіэм и лэжьакІуэхэм я махуэщ. 1918 гъэм ЦІыхубз комиссархэм я советым унафэ къыдигъэкІащ Дзэ Плъыжьым и къудамэ хэхахэр (дзэ тІасхъэщІэх гупхэр) къыззгъэпэщыным теухуауэ.

♦1863 гъэм Инджылызым щыщ Уолтон Фредерик лъэгуэхэм тралъхьэ линолеумыр къызэригупсысам щыхьэт техьуэ тхылъ къратащ.

♦1866 гъэм Урысейм и Телеграф агентствэр къызэрагъэпэщащ.

♦1917 гъэм Канадэм и лъэпкъ хоккей лигэм, иджырей НХЛ щІэрыІуэм - и апэ чемпионатыр екІуэкІащ. А илъэсырт лигэр къыщызэрагъэпэщари. Абы хьихьат командиплІ - «Монреаль Канадиенс», «Монреаль Уондерерс», «Оттава Сенаторс» и «Торонто Аренае» жьыуІэхэр.

♦1925 гъэм ТАСС-р (Совет Союзым и Телеграф агентствэр) къызэрагъэпэщащ.

♦1939 гъэм СССР-м ЗыхъумэжьныгъэмкІэ и комитетым и зэІущІэм унафэ къыщащтащ Дзэ Плъыжьым и Іэщ1хэм Т-34 танкыр хагъэхьэным теуухауэ.

♦1943 гъэм Калинин (иджы Тверь), Свердловск (иджы Екатеринбург) къалэхэм къыщызэрагъэпэщащ Суворовым и цІэр зезыхьэ дзэ училищ1хэр.

♦1965 гъэм Шарль де Голль Франджым и президенту хахащ.

♦1972 гъэм Мазэм къикІыжащ абы къэхутэныгъэхэр щІэзыгъэкІуэкІа «Аполлон-17» америкэ хьэрш къхуухьыр. Абы иса астронавтхэу Сернан Юджин, Эванс Рональд, Шмит Харрисон сымэ Мазэм дыгъэгъазэм и 7 - 19-хэм щылэжьащ.

♦1991 гъэм иужьрейуэ ди къэралым щатащ Вагъуэ Плъыжь орденыр.

♦1997 гъэм япэу ягъэлъэгъуащ дуней псом щыпсэхъ цІэрыІуэ дыдэхэм ящыщ хъуа, «Оскар» саугъэту 11 зыхуагъэфэща «Титаник» фильмыр. Режиссёрыр Канадэм щыщ Джеймс Кэмеронт.

♦Парт, къэрал лэжьакІуэ, Маршал, Совет Союзым плІэнейрэ и ЛІыхъжь, Социалист Лэжьыгъэм и ЛІыхъжь, 1964 - 1982 гъэхэм СССР-м и унафэщІ щыта **Брежнев Леонид** къызэралъхурэ ильэси 113-рэ ирокъу.

♦Франджы уэрэджьІакІуэ, актрисэ цІэрыІуэ **Пиаф Эдит** къызэралъхурэ ильэси 104-рэ ирокъу.

♦«Современник» театрым и унафэщІ, СССР-м и Къэрал саугъэтым и лауреат, Совет Союзым и цІыхубз артисткэ **Волчек Галинэ** и ныбжьыр ильэс 86-рэ ирокъу.

♦Филологие щІэныгъэхэм я доктор, Горькэм и цІэр зезыхьэ Дунейпсо литературнэ институтым и профессор **Алий Аллэ** къыщалъхуа махуэщ.

♦Футболист Іэзэу щыта, СССР-м РСФСР-ми я чемпион, КъБР-м физкультурэмрэ спортымкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ **Іэпщэ Александр** къызэралъхурэ ильэс 80 ирокъу.

♦РСФСР-м и цІыхубз артисткэ **Вертинская Анастасие** и ныбжьыр ильэс 75-рэ ирокъу.

♦Литвам щыщ баскетболист цІэрыІуэ, СССР-м спортымкІэ щІыхь зиІэ и мастер, дуней1мрэ Европэмрэ, Олимп Джэгухэм я чемпион **Сабонис Арвидас** и ныбжьыр ильэс 55-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэриты мкІэ, Налшык уэфІу щыщытынущ, Хуабэр махуэм градус 11 - 14, жэщым градуси 2 - 3 щыхъунущ.

Дыгъэгъазэм и 20, *мэрем*

♦ЦІыхухэм я зэкъуэтыныгъэм и дунейпсо махуэщ

♦УФ-м Къэралым щынагъуэншагъэ къыщыщ1эзгъэпэщынымкІэ и органхэм я лэжьакІуэхэм я махуэщ

♦Армением, Белоруссием, Кыргызыстан Къэрал, лъэпкъ щынагъуэншагъэмкІэ я органхэм я лэжьакІуэхэм я махуэщ

♦1699 гъэм Пётр Езанэм Іэ тридзащ Урысейм ИлъэсыщІэр щыщагъэпсыгъэ МазэуэщІыщІэм и 1-р гъэуэныным теухуа унафэм. Нэхъапэм ар фокІадэм и 1-м техуэу щытащ.

♦1706 гъэм сыхьэтибгъэм Москва Кремлым и Спасскэ чэщанэм япэ дыдэу къыщеуащ абы щагъэуба сыхьэтыр. Тхьэгъуэ 33-рэ зыхэт а сыхьэтыр Пётр Езанэм Голландием щригъэщІат.

♦1828 гъэм Канадэмрэ Урысей империимрэ дипломатие зэхущытыкІэхэр яку дэлъ хъуащ.

♦1917 гъэм ВЧК-р (Урысей1псо чрезвычайнэ комиссэр) къызэрагъэпэщащ. Абы и унафэщІу яГъуэват Дзержинский Феликс.

♦1920 гъэм ВЧК-м хэту къызэрагъэпэщащ хамэ къэралхэм щылажьэным хуэгъэпса къудамэ. Абы и къалэн нэхъыщхьэр тІасхъэщІх лэжьыгъэрт.

♦1934 гъэм Мордовие АССР-р къызэрагъэпэщащ.

♦1938 гъэм СССР-м и ЦІыхубз комиссархэм я советым унафэ къыдигъэкІащ лэжьакІуэхэр Іэнатіэ щыІэкІэ я къулыкъур, щыуа зэманыр, я лэжьыгъэм пыщІа нэгъуэщІ-къинэмыщІхэр къыщагъэлъэгъуэну тхьылъхэр къахуэзэІухьным теухуауэ.

♦1963 гъэм ФРГ-м щыпсэухэр хуит ящІащ Берлин блыныр зэпаупщІу, я Іыхьлыхэм я деж зы махуэкІэ щыхьэщІэн папщІэ ГДР-м кІуэну.

♦1971 гъэм Франджым къыщызэрагъэпэщащ «Дохутырхэм ГъунапкъэтэІкъым» дунейпсо зэгухьанымгъэр.

♦1999 гъэм Китаймрэ щыналъэм къыхагъэхьащ Макао хьитыгур, 1987 гъэм зэращІылІауэ щыта зэгурыІуэныгъэм ипкъ иткІэ Португалием къритыжар.

♦Адыгэпщ, урысеидзэм полковникыу къулыкъу щызыщІа **ХьэтІохъущокъуэ Исмэхьил-Бей** къызэралъхурэ ильэс 259-рэ ирокъу.

♦КъБР-м щыхьэ зиІэ и журналист, публицист **Гъуаплъащ1э Заудин** и ныбжьыр ильэс 75-рэ ирокъу.

♦ТхакІуэ, журналист, «Іуащхьэмахуэ» журналым жэуап зыхь и секретару щыта **ХьэІупщы МуІэед** къызэралъхурэ ильэс 67-рэ ирокъу.

♦Урысей журналист, политолог, тхыдэ щІэныгъэхэм я кандидат **Медведев Сергей** и ныбжьыр ильэс 53-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкІэ, Налшык уэфІу щыщытынущ, Хуабэр махуэм градус 11 - 14, жэщым градуси 2 щыхъунущ.

Зыгъэхьэзырар
ЖЬЭКІЭМЫХЪУ Маринэщ.

Лъэпкъ Іущыгъэ:

Дыгъу цІыкІуэкІэ къемыжьэ дыгъушхуэ хъуркъым.

● Дыгъуасэ

Іуэху нэхъыщхьэхэр

КІуэкІуэ Казбек иригъэкІуэкІащ ТекІуэныгъэ Иныр илъэс 75-рэ зэрырикъур Къэбэрдей-Балъкъэрым щыгъэлъэпІэнымкІэ къызэгъэпэщакІуэ комитетым и зэІущІэр

КІуэкІуэ Казбек дыгъуасэ Правительствэм и Унэм щригъэкІуэкІащ 1941 - 1945 гъэхэм екІуэкІа Хэку зауэшхуэм къыщыхьа ТекІуэныгъэр илъэс 75-рэ зэрырикъур КъБР-м щыгъэлъэпІэнымкІэ къызэгъэпэщакІуэ комитетым и зэІущІэ. Абы хэтащ КъБР-м и Правительствэм и Унафэщ1 Мусуков Алий, КъБР-м къегъэщІылІа федеральнэ инспектор нэхъыщхьэ Мэкъуауэ Тимур, министерствэхэм, ведомствэхэм, муниципалитетхэм, хабзэхъумэ Іэнатіэхэм, жылагъуэ, ветеран зэгугъэныгъэхэм я унафэщІхэр.

ЗЭІУЩІЭМ щытепсэлъыхьащ юбилейр гъэлъэпІэным пыщІа Іуэху нэхъыщхьэхэм, апхуэдэу ветеранхэм ядэІэпыкъунымкІэ, щІалэгъуалэм зэрадзлажьэр егъэфІэкІуэнымкІэ къэув къалэнхэм.

Ди щІыналъэм и унафэщІым къыхихыгъэщхьэхукІащ ТекІуэныгъэ Иныр илъэс 75-рэ зэрырикъур гъэлъэпІэным зэщІэкъуауэ, жэуаплныгъэ хэлъу бгъэдыхьэн зэрыхуейр. «Псом япэу къэпльатапхъэщ ди ветеранхэм зэрыльуу ТекІуэныгъэ ящхуэщІын зэрыхуейр», - жиІащ абы. КІуэкІуэ К. В. къыхилъхьащ 1941 - 1945 гъэхэм екІуэкІа Хэку зауэшхуэм хэтахэм, абы ныкъуэдыкъуэ хэхъухьахэм, хэкІуэда зауэлІхэм я щхьэгъусэхэм КъБР-м и Іэтащхьэм и Указым ипкъ иткІэ гъэ къэс зэрадзІэпкъуу ахъшэр нэхъыбэ ящІыну. Абы ипкъ иткІэ къащта унафэм тету 2020 гъэм Хэку зауэшхуэм и ветеранхэмрэ абы хэкІуэда зауэлІхэм я щхьэгъусэхэмрэ дэтхэнэрэ сом мин 75-рэ иратынущ.

Кьалэн нэхъыщхьэ дыдэхэм ящыщу зэІущІэм къыщагъэлъэгъуащ тхыдэм и пэжыр, Хэку зауэшхуэм и лІыхъжьхэм я фэеплъыр хъумэныр.

«ЛъэпкъэзэхущытыкІэхэмкІэ советым Налшык къалэм щригъэкІуэкІа зэІущІэм къыщыщыпсалъэм Урысейм и Президент Путин Владимир зэрыжиІащи, «Дэ цІыхур къызэрыхъурэ имыльэгъуа а гуэвэгъуэшхуэм теухуа пэжыр тщІэн, тхъумэн хуейщ». А псалъэхэм я мыхьэнэр нэхъри нэхъ ІупщІ ещІ нобэ зауэр зэрекІуэкІамрэ абы къиригъэхэмрэ зэхьэкІауэ къагъэлъэгъуэну егугъу цІыхухэр зэрыщІыным. Дэ зыри лъэныкъуэ едгъэз мыхъуну ди къалэнщ зауэм и пэжыпІэр, ТекІуэныгъэ Иныр къахьыным ди цІыхубэм хащІыхьар пхыгъэкІыныр», - жиІащ КІуэкІуэ Казбек.

Республикэм и Унафэщ1ым адэкІэ къыпищащ ТекІуэныгъэ Иным и юбилейр «икъуэкІэ Іэтауэ гъэлъэпІэн зэрыхуейр».

Зыхэпльа Іуэху нэхъыщхьэхэм ятеухауэ докладэр зэІущІэм щащІащ КъБР-м щэнхабзэмкІэ и министрым и къалэнхэр зыгъэзащІэ **Къумахуэ М. Л.**, КъБР-м цІыхухэр егъэджэнымкІэ, щІэныгъэмрэ щІалэгъуалэм я Іуэхухэмкіэ и министрым и къалэнхэр зыгъэзащІэ **Къумыкъу І. М.**, КъБР-м гражданм жьылагъуэ Іуэхущ1апІэхэм ядэлэжьэнымрэ лъэпкъ Іуэхухэмкіэ и министрым и къалэнхэр зыгъэзащІэ **КІуэрашын А. В.**, КъБР-м лэжьыгъэмрэ социальнэ дэІэпыкъуныгъэмкІэ и министр **Асанов А. О.**, Налшык къалэм и щІыналъэ администрацэм и Іэтащхьэ **Ахъуэхъу Т. Б.**, Зауэм, лэжьыгъэм, Іэщ1кІэ Зэщ1эуэзда Къаруэм, хабзэхъумэ органхэм я ветеранхэм (пенсионерхэм) я Къэбэрдей-Балъкъэр республикэ жылагъуэ зэгугъэныгъэм и тхьэмадэ **Шыхъуэбахъуэ М. Хь.** сымэ.

КъБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ1апІэ.

● КъБР-м и Парламентым

Бынунагъуэшхуэхэм зэрадэІэпыкъунум теухауэ

КъБР-м и Парламентым и УнафэщІым и къуэдзэ Жанатаев Сэлим дыгъэгъазэм и 17-м зи мычэзу зэІущІэр иригъэкІуэкІащ.

ДЕПУТАТХЭМ къащтащ «2020 гъэм Урысейм щекІуэкІыну къыхэтхыкІыр къызэгъэпэщыныгъэ егъэкІыныгъэмрэ ехьэлІауэ щІыпІэ унафэр зегъэкІуэныгъэкІэ Іэнатіэхэм къэралым пщэрылъ ящищІым теуухауэ» КъБР-м и законым и проектыр. КъБР-м экономикэ зыужьыныгъэмкІэ и министрым и къалэнхэр зыгъэзащІэ **Рахаев Борис** жиІащ къыхэхьащІу етІанэгъэ мэлыжьыхьым и 1-м къыщыщІэдзауэ дыгъэгъазэм и 20 пщІондэ зэрекІуэкІынур.

- 2019 гъэм дыгъэгъазэм и 7-м УФ-м и Правительствэм къищтащ «Урысейм щыпсэухэм я къыхэтхыкІыр къызэгъэпэщыным теухауэ» Унафэр. Фигу къэзгъэкІыжынщ, 2018 гъэм и жэпуэгъуэм къэралым и щІыналъэ 11-м щрагъэкІуэкІауэ щытащ 2020 гъэм къызэрагъэпэщыну урысейпсо къыхэтхыкІым зэрызыхуагъэхьэщІар лъжьыгъэхэр иКІи абы екъуэлэныгъэ иІэу Къэбэрдей-Балъкъэрым и Іуащ1ьэмахуэ районри хэтащ. Дыщогугъ мыхьэнэшхуэ зиІэ а Іуэхур ильэсыщІэм къызыхуэтыншэу едгъэкІуэкІыну, - къыхигъэщащ Рахаевым.

Депутатхэм етІуанэ еджэгъуэ къащтащ "Сабий ещанэрэ абы къыкІэлъыкІуэхэмрэ къызыхэхъуэ, къэрал дэІэпыкъунигъэ хуэныкъуэ унагъуэхэм мазэ къэс ахъшэ зэрыратым теухауэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и законым и проектыр.

КъБР-м лэжьыгъэмрэ социальнэ дэІэпыкъунигъэмкІэ и министр **Асанов Алим** жиІащ законым и проектым къызэрыщыгъэлъэгъуар 2020 гъэм щІышылэм и 1-м къыщыщІэдзауэ цІыхур ирипсэун папщІэ нэхъ мащІэу зыхуейм хуэдизу 2 нэхърэ нэхъыбэ къызыхэмыхъуэ унагъуэхэм ахъшэкІэ зэрызыщагъэкъуэнур, ещанэу кьалъху (е ялІыныкъащтэ) я сабийр ильэсищ хъуру. Къэпсэлъам къызэрихигъэщамкІэ, 2020 гъэм апхуэдэ дэІэпыкъунигъэм къызэщІиубыдэну хуагъэфащэ сабий 2600-рэ. Абыхэм мазэ къэс зэрызыщІагъэхьуэну ахъшэр сом мин 13-рэ 700-рэ мэхъу.

ЗэІущІэм зэхъуэкІныныгъэхэр щыхалъхьащ республикэм и закон щхьэхуэхэм. КъБР-м финансхэмкІэ и министрым и къалэнхэр зыгъэзащІэ **Лисун Еленэ** жиІащ зи адэ-анэ зыщыкъущымытыжхэмрэ сабий зеиншэхэмрэ якІэлъыплъ унагъуэхэм зэрызыщІагъакъуэ ахъшэ бжыгъэм зэхъуэкІныныгъэхэр зэрыкалъхьэр. 2020 гъэм сабий зыпІыну къэзыщтэ унагъуэхэм мазэ къэс зэрызыщІагъакъуэр сом 8.342-рэ хъунущ (процент 38,5-кІэ хохъуэ). 2019 гъэм сом мини 6 ирату щытащ. Опекунхэм къэралыр зэрадэІэпыкъуэм процент 46-кІэ хэхъуэнущ (сом 8910-рэ).

- 2020 гъэм мы Іуэхуэхэм текІуэдэнущ сом мелуани 130-рэ, 2021 гъэм - сом мелуани 150-рэ, 2022 гъэм - сом мелуани 170-рэ, - къыхигъэщащ къэпсэлъам.

ЗэІущІэм и кІэм КъБР-м и Парламентым Социальнэ политикэмкІэ, лэжьыгъэмрэ узынщагъэр хъумэнымкІэ и комитетым и унафэщІ **Къэжэр Хъусен** зытепсэлъыхьам теухауэ журналистхэм и Іуэху епльыкІэр яжриащ. «ЦІыхухэм я псэукІэр нэхъ зэІузэпэщ зыщІыну Іуэхуэхэм теухауэ нобэ къэтщта законопроектитІыр. Ахэр къыхэзыльхьар КъБР-м и Іэтащхьэращ, - жиІащ абы. - «Сабий ещанэрэ абы къыкІэлъыкІуэхэмрэ къызыхэхъуэ, къэрал дэІэпыкъунигъэ хуэныкъуэ унагъуэхэм мазэ къэс ахъшэ зэрыратым теухауэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и законым и проектыр зэтещІыкъар щІыхэр ирипсэун папщІэ зыхуейм хуэдизу тІу къызыхэмыхъуэ унагъуэхэрщ. Апхуэдэкэм, зэІущІэм зэрыщыжаІащи, сабийр ильэсищ ирикъуу мазэ къэс сом мин 13-рэ 700-рэ иратынущ. Шэч хэмылъу, а Іэмалыр щІэгъэкъуэн яхуэхъунущ бынунагъуэшхуэхэм. ЕтІуанэ законопроектми 2020 гъэм щІышылэм и 1-м къыщыщІэдзауэ къару игъуэтынущ. Сабий зыпІыну къэзыщтэхэм иратынущ цІыхур ирипсэун папщІэ зыхуейм и процент 65-р, 2021 гъэм ар процент 75-м, 2022 гъэм - процент 85-м, 2023 гъэм - процент 100-м нагъэсыну я мурадщ».

БАГЪЭТЫР Луизэ.

Бахъсэн Ипщэ къуажэм лъэмыжьыр щызэрагъэпэщыж

2017 - 2018 гъэхэм я ГъатхэІэгъэмахуэ лъэхъэнэм къеуха псыдзэмрэ ятІэмрэ зэрянышхуэ хуэхъуауэ щытащ «Прохладный - Бахъсэн - Іуащхьэмахуэ» федеральнэ гъэзугум и 73-нэ километрым деж хуэзэ, Бахъсэн Ипщэ къуажэм пэмыжьыжьэу телъ лъэмыжым. Иджыпсту ар зэрагъэпэщыж.

ЛЭЖЬЫГЪЭХЭМ жэпуэгъуэм щІадзащ икІи мы илъэсым къриубыдэу зэфІагъэкІыну я мурадщ. Мы зэманым ирихьэлІэу псы Іуфэхэр, лъэмыжым и екІуэлІапІэхэр бетонкІэ ягъэбыдащ, езы лъэмыжри тралъхьэжащ.

А лэжьыгъэхэм трагъэкІуэдэн папщІэ федеральнэ, республикэ бюджетхэм щыщу къыхуаутІыпщащ сом мелуани 2-рэ мин 89-рэ.

ТАРИМ Алисэ,
Іуащхьэмахуэ муниципальнэ щІыналъэм и администрацэм и пресс-Іэнатіэм и унафэщІ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и депутатхэм гу зылъатапхъэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и зи чэзу зэІущІэр 2019 гъэм дыгъэгъазэм и 24-м екІуэкІынущ.

Зэ1ущІэм щыщІидзэнур сыхьэти 10-рщ.

КъБР-м и Парламентым и пресс-Іуэхущ1апІэ.

● ДиФІ догъэлъапІэ

Лъэпкъыр зэрыгушхуэ

Нобэ, дыгъэгъазэм и 19-м, ди республикэм щагъэлъэпІэнущ адыгэхэм ящыщу яп1э дыдэу футболымкІэ Совет Союзым и чемпион Тбилиси и «Динамо»-м хэту 1964 гъэм хъуа, къыкІэлъыкІуэ илъэсым Къэбэрдей-Балъкъэрым къигъэззэжу зи пашэ «Спартак» (Налшыкыр) Урысей Федерацэм щекІуэкІа зэхьэзэхуэм зэи къэмыхъуауэ щытезыгъэкІуа Іэпщэ Александр (Шурэкіи, Сашэкіи еджэу щытащ) къызэралъхурэ илъэс 80 зэрырикъур.

ИЖЬ-ИЖЬЫЖ лъандэрэ къыддэгъэзугурыкІуэ щыгъажэм, бэнэкІэм, бжы дзыным, шабзэ гъэуэным, нэгъуэщІ спорт лІэужьыгъуэхэми хэмыхьэ, ауэ иужьрей ильэсищэм дуней псом зи лъэр щызыгъэбыда толджэгум ди лъэпкъэгъуэм я деж зыщІужьыныкІэ мыхьэнэшхуэ дыдэ иІащ блэкІа лІэщІыгъуэм и 30 гъэхэм я кІэуэным Къызбрун Езанэ (иджы ХьэтІохъущыкъуэй) къуажэм къыщалъхуа Іэпщэ Александр. Ар ящыщащ къэралым щекІуэкІ зэхьэзэхуэм хэтын папщІэ 1959 гъэм яп1э дыдэу ди республикэм къыщызэрагъэпэща «Спартак» (Налшык) футбол командэм хагъэхьаэм.

Къызэрыхэдгъэщащи, Іэпщэ Александрщ зэи къэмыхъуауэ дэ тщыщу Совет Союзым и чемпион хъуу 1964 гъэм «СССР-м спортымкІэ и мастер» цІэр къызыфІащар. Аращ Налшык и «Спартак»-м и пашэу щытар къыкІэлъыкІуэ 1965 гъэм яп1э дыдэу ди командэр Урысей Федерацэм и чемпион щыхъуэм.

Іэпщэ Александр Ладин и къуэр 1959-1960, 1963, 1965, 1967 гъэхэм - Налшык и «Спартак»-м, 1962 - 1963 гъэхэм - Москва и «Динамо»-м, 1964 гъэм - Тбилиси и «Динамо»-м, 1966 гъэм - Волгоград и «Трактор»-м щыджэгуащ.

1964 гъэм - СССР-м, 1965 гъэм - Урысей Федерацэм я чемпион хъуащ.

1980 - 1982 гъэхэм Налшык и «Спартакым» и тренер нэхъыщхьэу щытащ.

«СССР-м спортымкІэ и мастер», «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм физическэ щэнхабзэмкІэ щІыхь зиІэ и лажьакІуэ» цІэ лъапІэхэр къыфІащащ.

Къыщалъхуа ХьэтІохъущыкъуэй къуажэм и узрамкэм ящыщ зым, къызэригъэпэща икІи зи унафэщІу щыта Налшык дэт Толджэгум щыхуагъасэ сабий-ныбжьыщІэ спорт школ хэхам и цІэр зэрахъэ.

ЖЬІЛАСЭ Заурбэч.

(Іэпщэ Александр теухуа тхыгъэхэм ди нобэрей къыдэкІыгъуэм и 5-нэ напэкІуэцІым фыкъыщеджэ).

Ди газетым зэрытетащи, адыгэ усыгъэм и лъабжьэр зыгъэтIылъа, джэгуакIуэ Iэззу щыта ПащIэ Бэчмырзэ къыззэралъхурэ илъэси 165-рэ зэрырикъур Налшык дэт Музыкэ театрым дыгъэгъазэм и 16-м Iэтауэ щагъэлъэпIащ.

● Пшыхьхэр

Адэжь щIыналъэм и уэрэдус

«АДЭЖЬ щIыналъэм и уэрэдус» зи фIэщыгъэ Iуэхум хэтащ КъБР-м и Iэтащхьэм и Администрацэм, Парламентым, Правительствэм я лЫкIуэхэр, Дунейпсо Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ **Сэхъурокъуэ Хьэутий**, ПащIэ Бэчмырзэ и пхъурылъху, адыгэ лъэпкъыр зэрыгушхуэ композитор, уэсакIуэ **ХьэIупэ Джэбрэ1ил**, Кавказ Ищхьэрэм и щIыналъэхэм къикIа хьэщIэ лъапIэхэр, нэгъуэщIхэри.

КъБР-м щэнхабзэмкIэ и министрым и къалэнхэр зыгъэзащIэ **Къумахуэ Мухьэдин** зэIущIэр къызэIуихри, ПащIэ Бэчмырзэ и гъащIэ гъэзгуанэр къызэхуэсахэм кIэщIу ягу къигъэкIыжащ.

- ПащIэ Бэчмырзэ и цIэр адыгэм зэи щыгупщэнукъым. Ар и лъэпкъым и пщэдейм иригузавэ къудей мыхъуу, и усэхэм абы ехьэлIауэ гупсысэ куухэр къыщигъэлъэгуащ. И творчествэр къыгурыIуащ имыIэу епхащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и щэнхабзэм. Къыхэгъэщыпхъэщ Бэчмырзэ гугъуехь инхэр и натIэу зэрыпсэуар, ауэ лъэпкъ Iуэхур абы сыт щыгъуи игъэнэхъапэт. Адыгэхэм я иужьрей джэгуакIуэхэм ящыщу къалъытэ ПащIэ Бэчмырзэ жылагъуэ Iуэхуэхэм жыджэру хэтт, лъэпкъым и Iуэху зэрыдзекIын хэкIыпIэхэр къилъыхъэрт икIи къигъэзырт. Шэч хэмылъу, а лъэхъэнэм тепщэныгъэр зыыгъэхэм ар фIыуэ къалъагъуртэкъым, и гумызагъагъым и зэран къыщекIыжи куэдрэ къэхъуащ. Ауэ лъэпкъым и жэуаплныгъэ ин къытехуэу къэзылъытэ адыгэлI ахъырзэманыр щикIуэт къэхъуакъым. Ар тIэунейрэ кIуат Тыркум. Абы адыгэхэр Iэпхъуэмэ, къащыпэплъэ гъащIэр зыхуэдэр и нэкIэ зригъэлъэгъуа иужькIэ, и лъэпкъэгъуэхэр хэкум кьинэу, УрысейМ гуэту псэуным нэхъ хэкIыпIэфI щымыIэу къызэрилъытэри яжриIат. Бэчмырзэ хуэдэхэр зырызыц! - жиIащ Къумахуэ Мухьэдин.

Дагъыстэным и тхакIуэхэм я зэгухьэныгъэм и лЫкIуэ **Батманов Владислав** пшыхьым къыщеджащ лезгиныбзэкIэ зэриздзэкIауэ Бэчмырзэ и усэхэм ящыщ. Абы жиIащ а усакIуэ цIэрыIуэм и IэдакъэщIэкIхэр зэрадзэкIыу я деж къыщыдзкI литературэ журналхэм традзэну зэрамурадыр.

Лъэпкъ литературэхэм мы зэманкIэ ялэ щытикIэм, къэкIуэнум, ахэр зэрыыгъын хуейуэ къызэралъытэм, ПащIэ Бэчмырзэ и Iэужь дахэм, абыхэм ахъхэщ философием теухуауэ щытащ Шэшэн, Къэрэшей-Шэрджэс, Осетие Ищхьэрэ - Аланиеи Ингуш республикэхэм я лЫкIуэхэм я къэпсэльэныгъэхэр.

- Лъэпкъхэр зэкъуэзыгъэувэ зэхыхьэхэм, цIыху щхьэхуэхэм я мыхьэнэр къызэрымыкIуэу инщ, - жиIащ Дунейпсо Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ **Сэхъурокъуэ Хьэутий**. - Мыпхуэдэ пшыхьхэм адэжьхэм я лъэхъэнэм уагъэгъэзэж. Ди япэ ита нэхъыжьыфIхэм я зэфIэкIлъагэр, акъыл куур, псэ къабзагъэр умыгъэщIэгъуэн пльэкIыркъым. Абы жылагъуэр цIыхугъэм, хьэлэлагъым къыхуриджэ зэпытт. ПащIэ Бэчмырзэ «ЩIэ и уасэт!» зыхужаIэ адыгэлIхэм хуэдэщ. «Зи пашэ хьупхъэм и Iуэху йофIакIуэ», - псалъэ пэжкэр зытха ПащIэ Бэчмырзэ и Iэдакъэщ1экI купщIафIэхэмкIи ноби лъэпкъым йоуще, абы и бынхэр еунэтI. Адыгэр псэуху, ПащIэ Бэчмырзэ и цIэр щыгъупщэнукъым, игъэлъэпIэнущ.

ХьэIупэ Джэбрэ1ил и къэпсэлъэныгъэм и пэщIэдзэм, Бэчмырзэ и цIэр зэрихьэу Нартан къуажэм дэт фэеплъ музейр къызыхуэтыншэу зэрызэрахьам папщIэ, КъБР-м щэнхабзэмкIэ и министрым и къалэнхэр зыгъэзащIэ Къумахуэ Мухьэдин фыщIэ хуищIащ.

- 1936 гъэм мазаем и 20-м ПащIэ Бэчмырзэ дунейм ехыжащ, абы и пхъурылъху сэ 1942 гъэм мазаем и 20-м сыкъалъхуащ. Ар сэркIэ жэуаплныгъэшхуэт. Си гъащIэ псом Бэчмырзэ и цIэр си макъамэхэмрэ усэхэмкIэ зэрызгъэлъэIэным, зэрыслэтыным сыхущIэкъуащ. Ёзы си адэшхуэм зэрыжиIащи, «Бланэ фещэм, щыхь къэвукIыу, хъыкIэ фещэм, дыщэ къихуэу Тхьэм фигъэпсэу!», - захуигъэзащ ХьэIупэм пэшым щIэсхэм.

Псом хуэмыдэу пшыхьыр гукъинэж ящIащ ПащIэ Бэчмырзэ и тхыгъэхэм ди республикэм и артист пажэхэр екIуу къызэреджам, пасэрей макъамэхэмрэ уэрэдхэмрэ зэрагъэзэщIам.

ЩОМАХУЭ Залинэ.
Сурэтхэр **Къарей Элинэ** *трихащ.*

КъШР-м и цIыхубэ тхакIуэ АбытIэВладимир.

Сэхъурокъуэ Хьэутий

ХьэIупэ Джэбрэ1ил

Къалэбатэ Рустам Михаил и къуэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и депутатым и къалэнхэр и пIалъэр къэмысу щхьэщыхьным и Iуэхукlэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэ

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и депутатым и статусым и Iуэхукlэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым и 4-нэ статьям и япэ Iыхьэм и 1-нэ пунктым ипкъ иткIэ, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым **унафэ ещI**:

Къалэбатэ Рустам Михаил и къуэм, «Урысей зэкъуэт» Урысейпсо политикэ партым и Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ къудамэм къыбгъэдэкIыу республикэ хэхыпIэ округ зэгуэным щыхахам, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и депутатым и къалэнхэр и пIалъэр къэмысу, 2019 гъэм щэкIуэгъуэм и 14-м къыщыщIэдзауэ, щхьэщыхьи ар Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал къулыкъуэм зэрагъэувам къыхэкIыу.

2. Мы Унафэм къару егъуэт къыщащта махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэщl ЕГОРОВЭ Татьянэ

Налшык къалэ
2019 гъэм щэкIуэгъуэм и 28-м
№47-П-П

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм физическэ щэнхабзэмрэ спортымрэ зыщегъэужьыныр» и къэрал программэм зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэным и Iуэхукlэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэ

2019 гъэм фокIадэм и 30-м №174-ПП

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм **унафэ ещI**:

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм физическэ щэнхабзэмрэ спортымрэ зыщегъэужьыныр» и къэрал программэм, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм 2013 гъэм мэкъуаугъуэм и 28-м къыдигъэкIа Унафэ №182-ПП-мкIэ къыщтам, мы унафэм и гуэдзэным къыщигъэлъэгъуа зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэн.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщl МУСУКОВ Алий

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыпсэухэр Iэнатlэкlэ къызэгъэпэщын» и къэрал программэм зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэным и Iуэхукlэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэ

2019 гъэм фокIадэм и 30-м №175-ПП

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм **унафэ ещI**:

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыпсэухэр Iэнатlэкlэ къызэгъэпэщын» и къэрал программэм, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм 2013 гъэм бадзэуэгъуэм и 2-м къыдигъэкIа унафэ №191-ПП-мкIэ къыщтам, мы унафэм и гуэдзэным къыщыгъэлъэгъуа зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэн.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщl МУСУКОВ Алий

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыпсэухэр Iэнатlэкlэ къызэгъэпэщын» и къэрал программэм и Iуэхукlэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэ

2019 гъэм фокIадэм и 30-м №176-ПП

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм исхэр Iэнатlэкlэ къызэгъэпэщын, лэжьапIэхэр зэпэубыдауэ зэрыщытыр гъэмэщIэн мурадкIэ, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм **унафэ ещI**:

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыпсэухэр Iэнатlэкlэ къызэгъэпэщын» и къэрал программэр (адэкIэ - къэрал программэ) къэщтэн.

2. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Лэжьыгъэмрэ щыхъуэм социальнэ и лъэныкъуэкIэ къащхьэщыныкIэ и министерствэр Лэжьыгъэмрэ щыхъуэм Iэнатlэ яIэныкIэ федеральнэ къулыкъущапIэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэр пыщIауэ щыпынымкIэ уполномоченнэ гъэзэщIакIуэ органу къэлъытэн, республикэм щыпсэухэр Iэнатlэкlэ къызэгъэпэщыным хуэгъэзауэ къыхалъхьэ Iуэхуэхэм текIуэдзну субсидиехэр яхухэзыным хуэгъэзэ зэгурыIуэныгъэхэр зэщIыпIэным, ахэр пхыгъэкIыным екьэлIа къалэнхэр зэфIигъэхьэныр и пщэ дэлъу.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщl МУСУКОВ Алий.

Щамым мамырыгъэкIэ хуэхъуапсэхэр

● Гъуазджэ

«ТIажь Альбинэ и Фонд» Iуэхущ1апIэм и жэрдэмкIэ 2008 гъэ лъандэрэ УФ-м Щэнхабзэмкlэ и министерствэм и нэIэ щIэту илъэс екIуэкI «Нартхэм я хъугъуэфIыгъуэр» фестиваль-зэпеуэр илъэсипщI ирикъуащ.

«НАРТХЭМ я хъугъуэфIыгъуэр» зы щIыпIэм емыпсаха, гъуазджэм хуэIэзэ сабийхэм я зэфIэкIхэр ящыщахутэ зэпеуэ-гъэлъэгъуэныгъащ, урысыбзэкIэ - «арт-марафон». Мэзкуу, Мэздэгу, Черкесск, Мейкъуапэ, Севастополь, Алуштэ, Агуй, Сыхъум, Шапсыгъ, Крым хыIыгуныкIуэм, Налшык - Урысейм къыщожьэри дунейм и дэтхэнэ лъэныкъуэкIи эщыгъубгъу къурал гъунапкъэхэм къымыгъэувыIэ фестивалым. «Мэзкуу дэт лъэпкъхэм я унэм» (Московский дом национальностей) и унафэщI Тарасов Владимир абы щытепсэлъыхьакIэ и гуапэу къыхегъэщ: «Мы «арт-марафоным» сабийхэм щэнхабзэмрэ тхыдэмрэ гулыIэтэ хуащIу ирегъаэз, нарт эпосым нэхъыфIу хащIыкIын, хэлъэт яIэу гъуазджэмрэ щэнхабзэмрэ бгъэдыхьэфу едгъэсэн папщIэ, сабийхэм тхуэнейрэ дауащIащ, мастер-классхэр къызэдгъэпэщурэ. Утыку кърахьа сурэт 80-м щыщу 19-р зэпеуэм щытекIуахэм хагъэхьащ. Щамым щыщ сабиипл1 Мэзкуу щекIуэкI фестивалым кърагъэблэгъащ. Апхуэдэу Iуэхур фIыуэ къыщыдэхъулIэм, иужьрей зэхьыхьэр езы Щам къэралым и щыхьэр Дамаск щедгъэкIуэкIыну мурад тщIащ, хэкум къэкIуэжахэр гъащIэм фIыуэ зэрыхэзэгъар абы щыпсэуэхэм я нэкIэ щалъагъун папщIэ».

Арт-марафоным и къыззгъэпэщащIу гупым и унафэщI, педагогикэ щIэныгъэхэм я кандидат, ТIажь Альбинэ и адэ Борис и жэрдэмкIэ, фестивалым хагъэхьащ «Урысейм ис сабийхэр. Щамым мамырыгъэкIэ хуохъуапсэ» зи фIэщыгъэ зэпеуэ хуэдэ мэщIыкIыр. Абы ипэкIэ шыкIэпшынэ еуэкIэрэ уэрэд жыIэкIэкIэ къыхэжаныкIыу, «Зэныбжьэгъугъэм и вагъуэбз» зэпеуэм и лауреат хъуа щIалэ щыкIур (и егъэджакIуэхэр - Шэджыхьэщ1э Зурьятрэ Даур Иринэрэщ) къызэрыкIуэж лъандэри щэнхабзэм кIэлъыплъ щIыхубэм фIыуэ ялъагъу. Сурэтыщ1 зэпеуэм, езым зэрыжиIэжкIэ, Хьэзем хэзышар Щамым къиIэпхъэкIыжа ди лъэпкъэгъуэм я Iуэхуэр зезыгъакIуэ, жылагъуэ лэжьакIуэ Къарэ Ратмирщ. Сабийм и гуапэу къеIуэтэж Сосрыкъуэ къыщигъэлъагъуэу ищIа сурэтыр фестивалым теухуа журналым и жинтым зэрытрагъэувар.

«Нобэ хуэдэ дунейм лъэпкъ щхьэхуэм къыхэкIа цIыхум зыщихъумэжьыр папщIэ, «Нартхэм я хъугъуэфIыгъуэр» фестивалым мыхьэнэшхуэ иIэщ, - жеIэ нартхэм я тхыдэр зыдж щIэныгъэлI, Абхъазым ЩIэныгъэхэмкIэ и Академиемрэ и президент Джапуа Зураб. - Апхуэдэ щыкIэкIэ нарт эпосым зыхуэбгъэзэныр зэпеуэм хэпщIа сабийхэр я хэкур фIыуэ я лъагъуэ къэтэджныкIэ щхьэпэ мэхъу. Апхуэдэ щхьэусыгъуэкIэ ахэр блэкIарэ ящымыгъэгъупщIу, нобэрей махуэм зэрыхэувану щыкIэми хуэхьэзыру къыдокIуэтей».

ХЬЭПЦЭ Дисэ.

«Фестивалыр илъэсипщI щрикъу илъэсым хуэзэ зэпеуэ-гъэлъэгъуэныгъэр Щамым хуэдгъэфэщэну мурад тщIащ, - жеIэ арт-марафоным и къызэгъэпэщакIуэхэм яз, КъБР-м и цIыхубэ сурэтыщI Бгъэжьнокъуэ Заурбэч. - Гулытэ хэха еттыну дыхущIэкъуащ Щамым къиIэпхъэкIыжауэ Къэбэрдей-Балъкъэрым щыпсэу сабийхэм. Нарт эпосым нэхъыфIу хащIыкIын, хэлъэт яIэу гъуазджэмрэ щэнхабзэмрэ бгъэдыхьэфу едгъэсэн папщIэ, сабийхэм тхуэнейрэ дауащIащ, мастер-классхэр къызэдгъэпэщурэ. Утыку кърахьа сурэт 80-м щыщу 19-р зэпеуэм щытекIуахэм хагъэхьащ. Щамым щыщ сабиипл1 Мэзкуу щекIуэкI фестивалым кърагъэблэгъащ. Апхуэдэ Iуэхур фIыуэ къыщыдэхъулIэм, иужьрей зэхьыхьэр езы Щам къэралым и щыхьэр Дамаск щедгъэкIуэкIыну мурад тщIащ, хэкум къэкIуэжахэр я нэкIэ щалъагъун папщIэ».

Арт-марафоным и къыззгъэпэщащIу гупым и унафэщI, педагогикэ щIэныгъэхэм я кандидат, ТIажь Альбинэ и адэ Борис и жэрдэмкIэ, фестивалым хагъэхьащ «Урысейм ис сабийхэр. Щамым мамырыгъэкIэ хуохъуапсэ» зи фIэщыгъэ зэпеуэ хуэдэ мэщIыкIыр. Абы ипэкIэ шыкIэпшынэ еуэкIэрэ зэрыжиIэжкIэ, Хьэзем хэзышар Щамым къиIэпхъэкIыжа ди лъэпкъэгъуэм я Iуэхуэр зезыгъакIуэ, жылагъуэ лэжьакIуэ Къарэ Ратмирщ. Сабийм и гуапэу къеIуэтэж Сосрыкъуэ къыщигъэлъагъуэу ищIа сурэтыр фестивалым теухуа журналым и жинтым зэрытрагъэувар.

«Нобэ хуэдэ дунейм лъэпкъ щхьэхуэм къыхэкIа цIыхум зыщихъумэжьыр папщIэ, «Нартхэм я хъугъуэфIыгъуэр» фестивалым мыхьэнэшхуэ иIэщ, - жеIэ нартхэм я тхыдэр зыдж щIэныгъэлI, Абхъазым ЩIэныгъэхэмкIэ и Академиемрэ и президент Джапуа Зураб. - Апхуэдэ щыкIэкIэ нарт эпосым зыхуэбгъэзэныр зэпеуэм хэпщIа сабийхэр я хэкур фIыуэ я лъагъуэ къэтэджныкIэ щхьэпэ мэхъу. Апхуэдэ щхьэусыгъуэкIэ ахэр блэкIарэ ящымыгъэгъупщIу, нобэрей махуэм зэрыхэувану щыкIэми хуэхьэзыру къыдокIуэтей».

ХЬЭПЦЭ Дисэ.

Урысей Федерацэм и Жылагъуэ палатэм къитащ жылагъуэ кIэлъыплъакIуэ комиссэм хагъэхьэнухэр ятхын зэрыщIадзэр

«ЯгъэтIысауэ щысым и хуитыныгъэхэр хъумэнымрэ тезыр зытралъхьахэм ядэIэпыкъуныкъуэ хуэгъэза жылагъуэ кIэлъыплъыныгъэм и Iуэхукlэ» 2008 гъэм мэкъуаугъуэм и 10-м къащта Федеральнэ закон №76-ФЗ-м ипкъ иткIэ, 2019 гъэм дыгъэгъазэм и 20-м щегъэжьауэ къагъэлъагъуэу щIадзэнущ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и жылагъуэ кIэлъыплъакIуэ комиссэм хагъэхьэнухэм я кандидатурэхэр.

АБЫ къыхэкIыу УФ-м и Жылагъуэ палатэм и секретарым урысейпсо, щIыналъэ зэхуаку, щIыналъэ жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм хъыбар яригъэщащ КъБР-м и Жылагъуэ кIэлъыплъакIуэ комиссэм хагъэхьэнухэр къыхэхын икIи абыхэм ятеуэхуа тхыгъэхэр Федеральнэ законым къыщыгъэлъагъуа адрей документхэм ящIыгъуу Урысей Федерацэм и Жылагъуэ палатэм и секретарым махуэ 60-м къриубыдэу хуагъэхьын зэрыхуеймкIэ.

Урысей Федерацэм и щIыналъэхэм жылагъуэ кIэлъыплъакIуэ комиссэхэм къыдэзыщIэзрагъэпэщащIыкIэмрэ жылагъуэ кIэлъыплъакIуэ комиссэхэм хагъэхьэнуэхэр къагъэлъэгъуэ щIыкIэмрэ жылагъуэ кIэлъыплъакIуэ комиссэхэм я щыбгъуэтынущ Урысей Федерацэм и Жылагъуэ палатэм и http://www.oprf.ru сайтым.

Фыщ1эупщ1э хъунущ мы телефонымкIэ: 8 495 (221-83-63), абы 8029 щыгъужауэ.

«Хэку» журналым и япэ къыдэкIыгъуэ

● Хъыбар гуапэ

Къэрэшей-Шэрджэс къурал университетым и нэIэ щIэту, 2019 гъэм зи ялэ къыдэкIыгъуэр дунейм къытехьа, литературэм, щIэныгъэ-егъэджэныгъэм хуэгъэпса «Хэку» журналыр къытIэрыхьащ.

«ЖУРНАЛ Iув» жыхуаIэ къыпхъуам иту, адыгэбзэкIэ къыдэкI журналхэм иджыри зы къаззрыхъуар дызыщыгуфIыкIа хъыбарыщIэхэм ящыщщ. Гъэщ1эгъуэнращи, лЫгъэкIэ уеджэну зыхуэфащэ а Iуэхушхуэр щызрагъэхъуIэфар адыгэхэр бжыгъэкIэ нэхъ щымащIэ Къэрэшей-Шэрджэс Республикэрщ. КъБР-м къыщыдэкIахэм еплъытмэ, журналыр «Iуащхьэмахуэм» нэхърэ нэхъ Iувщ, «ЩIэпплъпIэм» нэхърэ нэхъ пIащIэщ, «Псынэм» ещхьу жылагъуэ Iуэхухэми яхоIэбэ, ауэ сурэтхэм нэхърэ тхыгъэхэм нэхъ тегъэщIащ.

Пэублэм зыкъыщытхуэзыгъаз, журналым и редактор нэхъыщхьэ Иуан Зэуал жеIэ: «ЗэрыхуэдгъэфащэмкIэ, журналыр илъэсым тIэунейрэ (илъэс ныкъуэ къэс зэ) къыдэкIынущ. Ар лэжьэнущ принцип нэхъыщхьэ зыбжанэм тету. Журналыр адыгэбзэр хъумэнымрэ абы зегъэужьыныкIэ хуэгъэпсауэ щыщыкIэ, гулъытэ нэхъыбэ зыхуэтщIынур абы ехьэлIа Iуэхугъуэхэрщ: адыгэбзэр зэрадж методикэм, бгъэдыхьэкIыщIэхэм, дерс гъэщIэгъуэнхэм».

Нэхъыжьмэ нэхъыщIэми, хэкурысыми хэкэсми, проззэми усэми, пасэрей тхыгъэхэми нобэрейхэми, щIэныгъэлIхэми усакIуэ-тхакIуэхэми гупльытэ щагъуэта журналым и япэ къыдэкIыгъуэр зэхэгъэува хъуащ. Ар къызэIуех КъШР-м къыщыхъуа, КъБР-м щеджа, Тырким хьихъэ Къайсэр кьалэм дэт Эрджиэс къэрал университетым адыгэбзэмрэ щэнхабзэмкIэ кафедрэм щылажьэ Пащты Мадинэ и тхыгъэм: «Хэхэс адыгэхэм я IуэрыIуатэ. Къэбэрдей хьэжрэтхэр». Журналым ущрохьэлIэ зи гугъу тщIы кафедрэм и унафэщI Кючюклер Алийрэ Пащты Мадинэрэ «Черкес хэку» газетым жэуап зыхь и секретарь Абидокъуэ Iусанэ ядригъэкIуэкIа псалъэмакъым. Усыгъэхэм я гугъу пщIымэ, а Iыхьэм ихуащ Бемырзэ Зураб, Брат Мурат, Тхьэгъэпсэу Увжькъуэ, ГъукIэкъуэ Даут, нэгъэущIхэми ятха сатырхэр. Литературэм укъыфIэкIмэ, журналым гулъытэшхуэ ирет адыгэбзэр зэрадж Iэмалхэм. Абыхэм я зы щапхъэщ КъБР-м щыщ щIэныгъэрылажьэ ХьэцIыкIу Рае, Шэджыкъэщ1э Марие и методикэр и лъабжьэу, адыгэбзэм къыхуигъуэта бгъэдыхьэкIэм щытепсэлъыхьы тхыгъэр. Хэхэс адыгэхэм щыщыгу журналым ди пащхьэ къэралъхьэ Хьэгъэуэ Ахьмэд и Iуэтэжхэр. ЕгъэджакIуэхэм журналым къыщагъуэтынущ я лэжьэгъу пажэхэм утыку кърахьа дерс зэIухахэр.

«Зэрыфлъагъущи, журналым иIэнущ Iуэхугъуэ щхьэхуэхэм хухэха Iыхьэкэр, - я мурадхэр наIуэ къеIуэ редактор нэхъыщхьэм. - «Жьэгу пащхьэ», «Усыгъэ», «Литературэ. ЩIэныгъэ критикэ», «Публицистикэ», «Iуэрыуатэ», «Адыгэбзэр джыным и Iуэхукlэ», «Адыгэ хэхэс литературэ».

Журналыр адыгэбзэр щызэкIуэ хагъэгъуэхэм зэрынагъэсын Iэмал къыхэзыгъэтмэ, абы и къыззгъэщащIуэхэм я Iуэхур псыхэкIуадэ мыхъуну гугъэ щыIэщ. «Адыгэ псалъэ» газетым къыдбгъэдэкIыу абыхэм дохъуэхъу я лэжьыгъэр яIэщIэмыужагъуэу махуэ къэс зэрефIэкIуэн Iэмалхэм теIэбэну.

ЧЭРИМ Марианнэ,
«Адыгэ псалъэ» газетым и обозреватель.

Совет Союзымрэ Урысей Федерацэмрэ футболымкІэ я чемпион, Къэбэрдей-Балъкъэрым физическэ щэнхабзэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ Іэпщэ Александр къызэралъхурэ илъэс 80 ирокъу

Іэпщэ Александр теухуауэ куэд дыдэ зэхэсхат, ауэ си лэжьыгъэм и яп- лъэбакъуэхэм ящыщ зым абы сыхуигъэзэну сыщыгугъатэкІым. Интервью кІеІысхьн папщІэ дыщызэхуэзэну пІалъэмрэ щІыпІэмкІэ телефонкІэ дызэгурыІуэри, етІуанэ махуэм Сабий стадионым сыкІуащ, абы и директору лажьэ, адыгэхэм тщыщу СССР-м футболымкІэ яп- чемпион хъуа, нобэми цІыху минхэм я дзэрэжэгъуэм сыІущІэну. Ар къыщыхъуар 1987 гъэ жыжьэрщ.

ЗИ ХЪЫБАР зэхэсхарэ сурэткІэ фІэкІа сымыльэгъуэ щІалэ зыІэщІэпъхэщІыхьар хуабжьу гуапэу къысІущІащ - пщІэнтэкъым куэд дыдэ щІауэ фІыуэ сыкъыцІыхьуу щытауэ, иджы зэман кІыхь дэкІауэ дызэхуэзэжауэ фІэкІа. Апхуэдэ егъэблагъэкІэм ди псалъэмакъри тынш ищІащ.

Дауи, къыщедгъэжьар сэ сыкъызэытекІыхьауэ, езы Іэпщэ Александри и псэм щигъафІэ 1964 гъэм Совет Союзым и чемпион зэрыхъуарт. Абы щыгъуэм къеІуэкІыгъуитІ зэпеуэм лъэ дыдэу къэралым щыпхъэ щыІэ командэр зэхигъэкІыфакъым, Тбилиси и «Динамо»-мрэ Мэзкъу и «Торпедо»-мрэ очко зэхуэдиз къызэрахьам къыхэкІыу. Чемпионыр haІуэ щыхъуа зэІуцІэр Узбекистаным и къалащхьэ Ташкент щрагъэкІуэкІащ икІи ди льэпкъэгъуэр зыхэт Куржым (Грузием) и командэр абы 4:1-уэ щытекІуащ, зэрынэхъыфІым зыми шэч къытрырамыгъэхьэу.

Си псэлъэгъуэм жиІэжэм седаІуэурэ, нэгум къыщІэзгъуэзэрт абы щыгъуэм къуэш пэпльэтэу дИІа куржьхьэм (иужькІэ абхъаз Іуэхум ар зыкъомкІэ кІыхьэІищІащ) а лъэхъэнэм яІа гуфІэгъуэм и инагьымпэ а ехъулІэныгъэр зэралэтамрэ.

... Тбилиси и «Динамо»-р яп- э дыдэу къэралым и чемпион хъуащ! Ташкент кьилъэтыкІыжьыну кхъухьлъатэр Куржьм и кьалащхьэм къыщетІысхэнымр жэщым и сыхьэтитІрауэ зэрыщытыр ящІэ пэтми, цІыху минхэр азропортым и Іуэгъуэблагъэм щызоІуэ, куржьы фадэ пІащІэр зэхуэгъахъуэрэ зыр адрейм ехъуэхъужу, Іэплі зэхуащІу, зэрыгъэпагэу. А гуфІэгъуэр и гъунэгъум дегуэш Къэбэрдей-ми - куржьы командэр Совет Союз псом щынэхъ лъэщ хъуи папщІэ хэлъхьэныгъэшхэу хуищІащ адыгэ щІалэ Іэпщэ Александр!

Кхъухьлъатэр кьиузеІтысэхыу цІыхуэр абы пежжьащ, зыгуэр кьащымыщІащэрэт жьпІэу уиІэгъэзавэу. Хэти хуейт и дзэрэжэгъуэм япэу ёІуСэну. ИкІи бжэр Іуахьу кьиузриІуэныкІыу, щІалэхэр япхъуэтауэ, цІыху минхэм зэІэпах. ЯІатахэм ящыщщ Къызбэрун Езанэ (иджы - ХьэтІохъущыкъуей) къыдэкІа ди льэпкъэгъури...

Мы гъэм и бжьыхьэм илъэс 55-рэ ирикъуащ а Іуэхугъуэшхуэр къызэрыхъурэ, ауэ нобэми куэдым ар Іэфпу я гум и пщэ. Хэт ищІэн, абы щыгъуэм цІыхухэм я гур нэхъ зэІухауэ, кьабзэу, зым и гуфІэгъуэр адрейм диІэтыфу щытагъэнущ.

... Дэтхэнэ зы щІалэ цІыкІуми хуэдэу, Сашэ пасэу топ джэгун щІидзащ. Унагъуэ Іуэхухэмрэ еджэныкъэ кьащыдэхуэхэм и деж ахэр уэрамым кьыдэрыдэхырт икІи топ ямыгъэтмэ, хъыданыжь зэкІуэцІыдар кьрахуэкІырт.

Джэгуну хущІыхьэгъуэшхуэ иІакъым Іэпщэхэ я щІалэ цІыкІум. Езыр ныбэ иІыу и адэр зрыхэуІдащ. Анэм кьыхуэнат Сашэ нэмыщІ иджыри хъыджэбзищ. Ахэр пІын, зыхуей хуэгъэзэн хуейт.

ЩІалэр кьызэрыжэпхъыу анэм щІэгъэкъуэн хуэхъуащ. «ПыІэ зыщхьэрыгъ унэм щІэсащэрэт» жьхуаІэр апхуэдэ гуэрт. Хадэр кьэтІынми, кьэкІыгъэм елэжьынми, ар кьехьэлІэжьынми, мэзым пхьашэ кІуэнми - гугъуехь нэхъыщхьэм езыр пощІэу- вэрт. ИужькІэ ар абы хуабжьу сэбэп кхъухэхужащ.

ЩІалъхуа кьуажэм дэт еджапІэр кьиуха иужь, Сашэ Къэзахъстаным кІуащ. Абы щыгъуэм къэралым хуабжьу зэхуэгъахъуэрэ зыр адрейм ехъуэхъужу, Іэплі зэхуащІу, зэрыгъэпагэу. А гуфІэгъуэр и гъунэгъум дегуэш Къэбэрдей-ми - куржьы командэр Совет Союз псом щынэхъ лъэщ хъуи папщІэ хэлъхьэныгъэшхэу хуищІащ адыгэ щІалэ Іэпщэ Александр!

Кхъухьлъатэр кьиузеІтысэхыу цІыхуэр абы пежжьащ, зыгуэр кьащымыщІащэрэт жьпІэу уиІэгъэзавэу. Хэти хуейт и дзэрэжэгъуэм япэу ёІуСэну. ИкІи бжэр Іуахьу кьиузриІуэныкІыу, щІалэхэр япхъуэтауэ, цІыху минхэм зэІэпах. ЯІатахэм ящыщщ Къызбэрун Езанэ (иджы - ХьэтІохъущыкъуей) къыдэкІа ди льэпкъэгъури...

Мы гъэм и бжьыхьэм илъэс 55-рэ ирикъуащ а Іуэхугъуэшхуэр къызэрыхъурэ, ауэ нобэми куэдым ар Іэфпу я гум и пщэ. Хэт ищІэн, абы щыгъуэм цІыхухэм я гур нэхъ зэІухауэ, кьабзэу, зым и гуфІэгъуэр адрейм диІэтыфу щытагъэнущ.

... Дэтхэнэ зы щІалэ цІыкІуми хуэдэу, Сашэ пасэу топ джэгун щІидзащ. Унагъуэ Іуэхухэмрэ еджэныкъэ кьащыдэхуэхэм и деж ахэр уэрамым кьыдэрыдэхырт икІи топ ямыгъэтмэ, хъыданыжь зэкІуэцІыдар кьрахуэкІырт.

Джэгуну хущІыхьэгъуэшхуэ иІакъым Іэпщэхэ я щІалэ цІыкІум. Езыр ныбэ иІыу и адэр зрыхэуІдащ. Анэм кьыхуэнат Сашэ нэмыщІ иджыри хъыджэбзищ. Ахэр пІын, зыхуей хуэгъэзэн хуейт.

ЩІалэр кьызэрыжэпхъыу анэм щІэгъэкъуэн хуэхъуащ. «ПыІэ зыщхьэрыгъ унэм щІэсащэрэт» жьхуаІэр апхуэдэ гуэрт. Хадэр кьэтІынми, кьэкІыгъэм елэжьынми, ар кьехьэлІэжьынми, мэзым пхьашэ кІуэнми - гугъуехь нэхъыщхьэм езыр пощІэу- вэрт. ИужькІэ ар абы хуабжьу сэбэп кхъухэхужащ.

ЩІалъхуа кьуажэм дэт еджапІэр кьиуха иужь, Сашэ Къэзахъстаным кІуащ. Абы щыгъуэм къэралым хуабжьу зэхуэгъахъуэрэ зыр адрейм ехъуэхъужу, Іэплі зэхуащІу, зэрыгъэпагэу. А гуфІэгъуэр и гъунэгъум дегуэш Къэбэрдей-ми - куржьы командэр Совет Союз псом щынэхъ лъэщ хъуи папщІэ хэлъхьэныгъэшхэу хуищІащ адыгэ щІалэ Іэпщэ Александр!

Апхуэдэу Іэпщэ Александр Москва кІуащ. Гъунэгъэт абы адыгэ щІалэщІэр зэщыщІэдплъеин. Яшин, Соловьёв, Царев, Кесарев, Численко... Абыхэм ягъуэсэу зыбгъэсэну, утыку укъинхьэну сыт и уасэт?! КьищынэмыщІауэ, а командэ кьиуа иужькІэ щІалэхэр топ джэгун зэхуэсырт. Мыгувэу Тырныауэ кьалэм и футбол командэ кьызэрагъэпэщащ. Абы япэу хагъэхьэхэм ящыщщ Іэпщэ Александр. Ар абыхэм и кьарууфІагъкІи, и джэгуКІэкІи кьахэжьаныкІырт.

Тырныауэ щыщ футболист щІалэщІэм и хьыбар мыгувэу республикэ псом щызэбгрыкІащ. ИкІи Налшык и «Спартак» командэр кьызэрагъэпэщыну мурад щащІым, Іэпщэр япэу ирагъэблагъахэм ящыщщ.

50 гъэхэм я кІэуухэм - 60 гъэхэм я пэщІэдзэхэм ди щІалэхэм мыІеІуэ джэгун ирагъэжьащ икІи лъэ быдэкІэ кьэралпсо утыку ихьащ. Мыгувэу Налшык и «Спартак»-м япэ ящагаІпэ кьищащ - зональнэ зэхьэзэхуэхэм щытекІуащ. А зэманым щІэрыІуэу щыта Николаенко Владимир, Наурзокъуэ Юрэ, Лапинагов Юрэ сымэ, нэгъуэщІхэми я гъусэу Іэпщэ Александр Къэбэрдей-Балъкъэрым футболым и лъабжьэр игъэбыдащ.

Гугъут 1962 гъэр Москва и «Динамо»-м дежкІэ. Командэ щІэрыІуэр кьищІыхьтат турнир таблицым и кІэух увыпІэхэм ящыщ зым. Абы зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэн хуейт. Арати, кьалащхьэм кьикІри, Къэбэрдей-Балъкъэрым къэкІуащ Москва и «Динамо»-м и капитан, СССР-м и командэ кьыхэхам щыджэгу Соловьёв Леонид. КьыщІэкІуар Іэпщэр здишэнурат.

А зэманым Сашэ и армэ кІуэгъуэти, гупсысэ лейрэ чэнджэщ кІыхьрэ Іуэхум хэмыльу, арэзы хъуащ. Дауэ хъуми, нэгъуэщІ командэ армэм е мылищэм пыщІауэ кьыхуагъэльэгъуэнут.

Апхуэдэу Іэпщэ Александр Москва кІуащ. Гъунэгът абы адыгэ щІалэщІэр зэщыщІэдплъеин. Яшин, Соловьёв, Царев, Кесарев, Численко... Абыхэм ягъуэсэу зыбгъэсэну, утыку укъинхьэну сыт и уасэт?! КьищынэмыщІауэ, а командэ дыдэм хэтт Яшин сыт щыгъуи ихъуэжьыну хьэзыру Сашэ и кьуажэгъу Беляев Владимир. А тІур зы жьлэм кьыдэкІами, щызэрыщІыхуар хэралым и кьалащхьэрэ.

Беляевыр хуабжьу сэбэп кхъухэхъуауэ Іэпщэм, ар командэщІэм хэзэгъэн папщІэ. ИужькІи илъэс куэдкІэ зэныбжьэгъуащ, ажалым зэпэлэщІэ ищІыхукІэ.

КьарууфІагърэ псынщІагъкІэ Сашэ кьыпэлъэщІын кьэгъуэгъуэтыгъуейт, ауэ и Іэзагъыр нэхъ зэкІэлъымыкІырт. Ар езым фІы дыдэу ищІэжьыри, адрейхэм яльэщІыхьэн папщІэ пщэнтІэпс машІэ игъэкІуэдакъым. Тренировкэр ихъуэ псори зэбгрыкІыжа иужькІи, кьанэуэрэ, топыр игъэІуригъІэрт, ар зригъэдаІуэрт.

Гугъуехьэр псыхэкІуадэ хъуакъым икІи зэман кІэщІым кьырибыдэу Іэпщэм Юрэ сымэ, нэгъуэщІхэми я гъусэу Іэпщэ Александр Къэбэрдей-Балъкъэрым футболым и лъабжьэр игъэбыдащ.

Гугъут 1962 гъэр Москва и «Динамо»-м дежкІэ. Командэ щІэрыІуэр кьищІыхьтат турнир таблицым и кІэух увыпІэхэм ящыщ зым. Абы зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэн хуейт. Арати, кьалащхьэм кьикІри, Къэбэрдей-Балъкъэрым къэкІуащ Москва и «Динамо»-м и капитан, СССР-м и командэ кьыхэхам щыджэгу Соловьёв Леонид. КьыщІэкІуар Іэпщэр здишэнурат.

А зэманым Сашэ и армэ кІуэгъуэти, гупсысэ лейрэ чэнджэщ кІыхьрэ Іуэхум хэмыльу, арэзы хъуащ. Дауэ хъуми, нэгъуэщІ командэ армэм е мылищэм пыщІауэ кьыхуагъэльэгъуэнут.

Апхуэдэу Іэпщэ Александр Москва кІуащ. Гъунэгът абы адыгэ щІалэщІэр зэщыщІэдплъеин. Яшин, Соловьёв, Царев, Кесарев, Численко... Абыхэм ягъуэсэу зыбгъэсэну, утыку укъинхьэну сыт и уасэт?! КьищынэмыщІауэ, а командэ дыдэм хэтт Яшин сыт щыгъуи ихъуэжьыну хьэзыру Сашэ и кьуажэгъу Беляев Владимир. А тІур зы жьлэм кьыдэкІами, щызэрыщІыхуар хэралым и кьалащхьэрэ.

Беляевыр хуабжьу сэбэп кхъухэхъуауэ Іэпщэм, ар командэщІэм хэзэгъэн папщІэ. ИужькІи илъэс куэдкІэ зэныбжьэгъуащ, ажалым зэпэлэщІэ ищІыхукІэ.

КьарууфІагърэ псынщІагъкІэ Сашэ кьыпэлъэщІын кьэгъуэгъуэтыгъуейт, ауэ и Іэзагъыр нэхъ зэкІэлъымыкІырт. Ар езым фІы дыдэу ищІэжьыри, адрейхэм яльэщІыхьэн папщІэ пщэнтІэпс машІэ игъэкІуэдакъым. Тренировкэр ихъуэ псори зэбгрыкІыжа иужькІи, кьанэуэрэ, топыр игъэІуригъІэрт, ар зригъэдаІуэрт.

Гугъуехьэр псыхэкІуадэ хъуакъым икІи зэман кІэщІым кьырибыдэу Іэпщэм Юрэ сымэ, нэгъуэщІхэми я гъусэу Іэпщэ Александр Къэбэрдей-Балъкъэрым футболым и лъабжьэр игъэбыдащ.

Дапхэудизу и джэгукІэр ефІакІуэ зэпыту щымыт-ми, абы и гур щалъхуа щІыналъэмкІэ щыІэт. Арати, илъэсрэ ныкъуэкІэ Мэзкъу и «Динамо»-м хэтауэ икІи кьарзынэу хэзэгъауэ Налшык кьиригъэзэжащ.

ЩІалъхуэжамри, ар ямыгъэпсэууэ, нэгъуэщІ командэхэм ирагъэблагъэрт. АрщхьэкІэ, Сашэ зыщІыпІи яхуэхьэри идэрэгъэкъым. Ауэ 1964 гъэм и щыщыпэм ар «Спартак»-м и унафэщІэкІэ щыта Куржьм кьикІри, зы щІалэ кьэкІуащ Тбилиси и «Динамо»-м и тренер нэхъыщхьэ Якушин Михаил и лІыкІуэу. Ар кьиузытекІухьар гурыІуэгъуэт - кьэралым щекІуэкІ зэхъэзэхуэм япэ уэрыІэр зэхъэзэхуэну кьэнжар зи ныбжьыр илъэс блыщым щхьэдэхахэу Хурцилавэ Муртаз, Датунашвили Илья, Баркая Владимир, Сичинавэ Георгий сымэщ. Ахэр, дауи, даудапщэхэм кьрихьэлІащ икІи Іэпщэ Александр и унагъуэм щаІуащІам я нэхъыщхьэм теухуа псалъэ гуапэ куэд жаІащ, я гукъэкІыжхэмкІэ ядэгуэшащ. Куржьм и хьыбарегъащІэ Іэнатэхэм абы гулъытэ хэха щыхуащІащ икІи Іэпщэхэ Риммэ, Ладин, ФатІимэ сымэ зыхэт нэтын, тхыгъэ зыбжанэ ягъэхьэзыращ.

2014 гъэм Куржьм Іэтауэ щагъэлъэпІащ Тбилиси и «Динамо»-р яп- э дыдэу Совет Союзым и чемпион зэрыхъуэр илъэс 50 зэрырикъуар. Абы ехьэлІа дауэдапщэхэм ирагъэблагъэри хэтащ гъунэгъу республикэм и командэ нэхъыщхьэм щыджэгу кьэралым и дыщэ медалхэр зыпщІыхьахьа щІалэхэм ящыщу псэууэ кьэнжар зи ныбжьыр илъэс блыщым щхьэдэхахэу Хурцилавэ Муртаз, Датунашвили Илья, Баркая Владимир, Сичинавэ Георгий сымэщ. Ахэр, дауи, даудапщэхэм кьрихьэлІащ икІи Іэпщэ Александр и унагъуэм щаІуащІам я нэхъыщхьэм теухуа псалъэ гуапэ куэд жаІащ, я гукъэкІыжхэмкІэ ядэгуэшащ. Куржьм и хьыбарегъащІэ Іэнатэхэм абы гулъытэ хэха щыхуащІащ икІи Іэпщэхэ Риммэ, Ладин, ФатІимэ сымэ зыхэт нэтын, тхыгъэ зыбжанэ ягъэхьэзыращ.

Куржьм и Олимп комитетым и Іэтащхьэ, шахматистко цІэрыІуэ Гаприндашвили Ноно. Ар щІохъуэпс 1965 гъэм Тбилиси и «Динамо»-мрэ Мэзкъу и «Торпедо»-мрэ Ташкент щрагъэкІуэкІа «дыщэ зэІуцІэр» зытет видеокассетэр зыІэригъэхьэну. Абы, сыт щыгъуи хуэдэу, фІыуэ зыкъыщІэгъльэгъащ адыгэ щІалэм.

Іэпщэ Александр и щхьэгъусэ Риммэ, и бынхэу Ладинрэ ФатІимэрэ папщІэ видеокассетэм тредгъэхьижащ. Абы дэщІыгъуу Налшык идогъашэ и ныбжьэгъуу щытахэм я ІэщІэдз зытелъ топыр. Дз, Сашэ и ныбжьэгъухэм, Тбилиси кьыдогъблагъэ абы и щхьэгъусэмрэ и бынхэмрэ. Іэпщэр нобэми фІыуэ яІъаГу, кьыдэджэгуахэм кьищынэмыщІауэ, Куржьм топджэгум щыдихьэх псоми. Ар зэи дигу ихунукъым.

БАРКАЯ Владимир,
СССР-м спортымкІэ щІыхь зиІэ и мастер.
(«Свободная Грузия» газет, 1997 гъэ)

● Уэзрыгушхуэнщ

Топыр къыдэдзынымкІэ зыри къыпэхъунутэкъым

Мелард бжьгъэкІэ цІыхуэр дунейм щыпсэуащ, щопсэу икІи щыпсэнущ. Абыхэм ящыщу мелуанэр топ мэджэгу. АрщхьэкІэ, гум кьинэжьыр гъащІэм е зыпэрыт ІэнатІэм лъэужь дахэ кьыщІызыгъанэхэращ. Апхуэдэу щытащ Іэпщэ Александр. Ар Тбилиси и «Динамо»-мрэ Налшык и «Спартак»-мрэ яхуэзыгъэхьэнымкІэ сэбэп яхуэхъуу, атІэ топджэгушхуэм и «псалъэ щыжьзыІэфащ».

ІЭПЩЭ Александр хуэдэу жьжьэу топыр Іэкіэ аутым къыдэзыдзыф ди къэралым зы футболист исакъым икІи искъым. Абы идза топыр метр 50-м (!) нэблагъэкІэ пІатэрт. А Іуэхугъуэм иригушхуэрт къыдэджэгуэмрэ къыдэщІэжьмрэ, ауэ я хьэрхуэрэгъуэхэм я гъуащхьэхъуэмэхэр бэлыхь хидзэрт.

Адыгэ щІалэм и Іэзагъыр апхуэдизкІэ нэщІысати, зэрагъэщІэгъуэнур ящІэртэкъым. Копэ Раймон (Франджы) и пенальти гъэззэщІэкІэм, Месхи Михаил (Куржьы) и хьэрхуэрэгъу къэгъэпщІэкІэм, Роналду Криштиану (Португалие) и штрафной еуэкІэм е Лобановский Валерий (Украинэ) и угловой кхъухэтэкІэм хуэдэу Іэпщэ Александр Іэкіэ и топ къыдэдзыкІэр зы- ми емыщъкІ Іэмал гъуэзэджэу дунейпсо футболым и тхыдэм хьихьащ.

Футболист ныбжьыщІэхэр зэрагъасэ тхылъхэр щІэзэхалъхьэм Іэпщэ Александр Іэкіэ и топ къыдэдзыкІар абы хагъэхьащ. ІэщІагъэлІ куэдым а Іэмалыр зэпхърахащ икІи яджащ. Нэхъри ирагъэфІэкІрауэ, иджы ар нобэми куэдым сэбэп яхуохъу.

Олимп чемпион, спортымкІэ щІыхь зиІэ и мастер, совет футболист цІэрыІуэ Ильин Анатолий «Дэ япэу дыщытащ» тхылъым щетх: «Сызыхэт Мэзкъу и «Спартак»-м сыт щыгъуи и хьэрхуэрэгъу къапащхьэм и «Динамо»-м гъуащхьэу щІалэщІэ Іэпщэ Александр щыхьхьам сэ си джэгуГъуэ лъэхъэнэр икІэм нэблэгъат. Абы егъэлеяуэ топ куэд дигъэкІыртэкъым, ауэ аутым щыту Іэкіэ топ къыздэзыкІэр зыхуэзбгъэдэн щымыІэт. Апхуэдэхэм иужькІэ, ар гъуэзэм хуэзащІэмэ, хьэрхуэрэгъуэхэр гужьейрт. Іэпщэм, зыиу къыщІымыхъуу, топыр метр пщыкІузыр щагъэззащІэ щыпІэм фІигъэкІыфырт икІи угловой къыщыхъатэм нэхърэ къыпэщІэтэхэм я зыиуэ щІэзгъэсэным къищынэмыщІауэ, абы папщІэ хуабжьу къаруушхуэ ббгъэдэлъпІэу зыхэзгъэзащІ.

Ар ирагъэкІыжьрт. Ар зэрыгъэсэным къищынэмыщІауэ, абы папщІэ хуабжьу къаруушхуэ ббгъэдэлъпІэу зыхэзгъэзащІ. А Іэмалыр зэпхърахащ икІи яджащ. Нэхъри ирагъэфІэкІрауэ, иджы ар нобэми куэдым сэбэп яхуохъу.

Олимп чемпион, спортымкІэ щІыхь зиІэ и мастер, совет футболист цІэрыІуэ Ильин Анатолий «Дэ япэу дыщытащ» тхылъым щетх: «Сызыхэт Мэзкъу и «Спартак»-м сыт щыгъуи и хьэрхуэрэгъу къапащхьэм и «Динамо»-м гъуащхьэу щІалэщІэ Іэпщэ Александр щыхьхьам сэ си джэгуГъуэ лъэхъэнэр икІэм нэблэгъат. Абы егъэлеяуэ топ куэд дигъэкІыртэкъым, ауэ аутым щыту Іэкіэ топ къыздэзыкІэр зыхуэзбгъэдэн щымыІэт. Апхуэдэхэм иужькІэ, ар

● Газет напэкІуэцІхэр къызэдгъэдэжькІыжмэ

СурэткІэфий!

ХАБЗЭМ къемызэгъ ЗІмал! «Спартак»-м и гъуащхьэхъуэмэ Логофет Тбилиси и «Динамо»-м щыджэгу Іэпщэ Александр иреуд. Ар къыщыхъуар Логофет и пэр хьэрхуэрэгъуэм топыр къыщыгтрихыну нанІэзэпІэр зыІэщІигъэкІыу, къыгъэувыІэн папщІэ гъуэщхьэуэм и щыбагъымкІэ лъакъуэ зэгуэтІэ щыжьэхэпкІащ. Псалъэм къыдэкІуэу жьтІэнщи, «Спартак» - «Динамо» (Тбилиси) зэІущІэм абы апхуэдэу куэдрэ щиущащ. Абыхэм ящыщ зым, джэгум и етІуанэ Іыхьэ ныкъуэм Логофет аргуэру Іэпщэр ирида иужькІэ, «Спартак»-м и гъуэм штрафной еуащ икІи кьыхэзыгъэщІа топ закъуэр кьыхудагъэкІащ.

Логофет Г. щІэх-щІэхьІурэ апхуэдэ Іэмалхэр кьеГъэсэбэп. Футболист щІалэщІэр абы егупсысыпхъащ. Псом япэрауэ, зригъэсэн хуейщ топыр пэжу икІи кьабзэу кьатрихыфу.

ИВАШКОВ Валентин,
РСФСР-м щІыхь зиІэ и тренер.
(«Труд» газет, 1964 гъэ)

● ГукъэкІыжхэр

Щапхъэ дахэ

Наурзокъуэ Юрэ - *Налшык и «Спартак»-м щыджэгущ, абы и тренер нэхъыщхьэу лэжьащ:*

- Іэпщэ Александр кьыщысцІыхуар 1958 гъэрщ. Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкІэ и кубокыр кьэхьыным и финалым щызэхуэзат сэ сызыхэт Налшык и «Лыкомбинатымрэ» Тырныауэ и «Металлургэ»-мрэ. Джэгур хуабжьу гуащІэ хьуат. Ди хьэрхуэрэгъуэхэм ящыщу егъэлеяуэ гугъу дригъэхьыт «Шурэкіэ» зэджэ щІалэщІэ зыІущІэтыым. Абы и зэранкІэ зэІущІэр 3:4-уэ тфІахьэхэщ, 3:0-у япэ дита пэтми.

1959 гъэм СССР-м футболымкІэ и «Б» классым Къэбэрдей-Балъкъэрым и командэр хэтыну хуит щаІцІым, джэгунуэр зэхуаІшэсу щІадзащ, Занщ1эу сигу кьэкІыжащ Тырныауэ щыщ Шурэ - абы теухуауэ арат сщІэр, и цІи, и унэцІи сыщыгъэззэтэкъым. ДыщІэупщІэІуэри, ар Іэпщэ Александрт, шахтым щылажьэ щІалэт.

Налшык и «Спартак» командэм ирагъэблагъащ икІи Сашэ дэрэ зы пэщ дыщІагъэтІысхьащ. Сэ Москваи, Грозни, Таганроги сыщыджэгуащ, - футболым нэхъ сыкъэзэгъати, Іэпщэм сыкІэлъэлІплъыну, зГъэсэну си пщэ кьыдалъхьащ.

Зы пэщ ущыщІэскІэ, дауи, нэхъыфІу уэзроцІыкъ. Занщ1эу сыдихьэхащ Сашэ и Іуэбгъэзьмрэ ёзэш иныІэу зэрызигъасэмрэ. Апхуэдизу джэгуну ар щІэхъуэпсыри, етІысэх жьыхуаІэр имыщІэу, топыр кьрихуэкІырт.

Къэбэрдей-Балъкъэрым и щІыхьыр футболымкІэ зыщІыщІэну сокъэпсо утыку щызыхъуэмэнухэм адыгэу Іэпщэ Александр сэрэ дыхаГъхьащ.

Дэтхэнэми тлъэкІ кьэдгъэнакъым Къэбэрдей-Балъкъэрым и пщІэр тІэтын, футболым и лъабжьэр ди дежщыдгъэтІыльІын папщІэ.

Сашэ дэрэ 1964 гъэ пщІондэ, Тбилиси и «Динамо»-м и ирагъэблагъэху, зэгъусэу дыджэгуащ. ИужькІэ тренер лэжьыгъэми мыз-мытІэу дыщызэрихьэлІащ. ДызэныбжьэгъуфІу дыкьхьэзэдгъэгурыкІуащ, нобэми куэдрэ фІыкІэ сигу кьокІыж. Ахърэт нэхур Тхьэм кьрит!

НапэкІуэцІыр зыгъэхьэзырар
ЖЬЛАСЭ Заурбэчщ.

● Юбилейхэр

Тбилиси зэрыщаІэтар

ГуфІэгъуэ пшыхьэр хуабжьу гукъинэжу щекІуэкІащ Руставели Шота и цІэр зезыхьэ театрым. Абы кьрихьэлІат Куржьм и правительствэмрэ парламентымрэ хэтхэр, спортым, щэнхабзэм я лэжьакІуэхэр, ветеранхэр. СпортымкІэ министр Кипиани Леван (футболист цІэрыІуэ Давид и къуэш) кьыщыпсалъэм кьыхигъэщащ а лъэхъэнэм Тбилиси и «Динамо»-м куржьым дэрэжэгъуэ ин кьаузэриратар икІи лъэпкъыр нэхъри зэрызэхъуэгъуэвар. Ар щхьэхуэу икІи гуапэу тепсэлъыхьащ Къэбэрдейм и лІыкІэ Іэпщэ Александр. Куржьхэр абы «Апшелавэ»-кІэ еджэрт. Кипиани къызэхуэсахэм кьахуеджащ я къэралым и спортым щынэхъ лъапІэ дыдэ дамыгъэр - «Отличным и уэрк» - 1964 гъэм СССР-м и чемпион цІэр кьахуэзыхьахэм иджы зэрыфІащар. Абыхэм яхэтщ Іэпщэ Александр. Ди лъахэгъуэм и цІэр зэрызэхахьу «Ап-ше-ла-вэ! Ап-ше-ла-вэ! Ап-ше-ла-вэ!» ину зэдьжа-Іэу хуежьэри, къызэхуэсахэр кьызэфІэувахэщ. Ар зэи гум имыхужьи тельыджэщ икІи ди лъэпкъым и пщІэр зыІэтщ.

ЗэІущІэм псалъэ зыщата Іэпщэ ФатІимэ хэгъэрейхэм фІыщІэ яхуищащ мы зэІущІэ иным я унагъуэр къызэрыгагъблагъам, и адэ Александр нобэми куржьхэхэм зэращымыгъупщам къыхэкІыу.

Тбилиси и кьалэ Іэтащхьэхэм зы махуэкІэ нэхъ пасэу къызэрагъэпэща зэІущІэми Іэпщэхэ ирагъэблагъащ. Унагъуэм кьыбгъэдэкІыу абы кьыщыпсэлъащ Ладин икІи кьызэхуэса кьулыкъущІэхэм, топджэгум хэтахэм, абыхэм я щІэблэхэм и адэм теухуа гукъэкІыжхэмкІэ ядэгуэшащ.

Юбилейр щекІуэкІа махуэхэм утыку кьрахьащ Тбилиси и «Динамо»-р СССР-м и чемпион зэрыхъуэр илъэс 50 щрикъуам ирихьэлІэу кьыдагъэкІа тхылъитІ. Абыхэм ярытщ Іэпщэ Александр теухуауэ уэзрыгушхэн хьэлэмэт куэд.

Илъэс 50 хуауэ Іэпщэхэ я унагъуэм щахъумэ 1964 гъэм Тбилиси и «Динамо»-м хэту Совет Союзым и чемпион хъуахэм я Іэр зытелъ топ. Куржьм СпортымкІэ и музейм ар тыгъэ хуащІащ икІи хэгъэрейхэм я Іуэхугъуэр гуапэ дыдэ ящыхьащ - иджы Іэмал яГуэтащ апхуэдизу илъэскІэ адыгэ унагъуэм щахъума фэеплъыр посми зрагъэлъагъуну.

Куржьм СпортымкІэ и министерствэмрэ Тбилиси и «Динамо»-мрэ я унафэщІхэм щхьэхуэу яхуэзащ Іэпщэ Александр и унагъуэр. Зытепсэлъыхьа Іуэхугъуэхэм ящыщщ гъатхэ дзыхуэхэкІуэм ди гъунэгъу къэралыгъуэм и ныбжьыщІэ командэхэр Налшык кьэкІуэныр, Іэпщэм и фэеплъу гъэ кьэс екІуэкІ зэпеуэм хэтын папщІэ. Ветеран цІэрыІуэхэу Хурцилавэ Муртаз, Гуцаев Владимир, Баркая Владимир сыми а Іуэхугъуэм я гуапэу зыкъраухьэлІэну кьагъэгугъащ.

НапэкІуэцІыр зыгъэхьэзырар
ЖЬЛАСЭ Заурбэчщ.

«Ар зэи дигу ихунукъым»

«Дыщэм кьыхэзэжьыкІа щІалэхэр» - апхуэдэущ иджыри кьэс куржьыкэр зэреджэр Тбилиси и «Динамо»-м хэту 1964 гъэм СССР-м и чемпионатым щытекІуахэм. Абы щыгъуэзэрэзэпкъыу дызэщІищтат гуфІэгъуэмрэ дзрэжэгъуэмрэ. Текіуахэм хьэрхуэрэ хужаІэрт, уэрэдхэр хуэзыкІыхьэрт, уэрэдхэр хуаусырт.

ГУМРЭ псэмрэ кьабгъэдэкІыу тбилисидэхэм кьехъуэхъурт Къэбэрдей-Балъкъэрым футболым щыдихьэхэри. ИкІи ар гурыІуэгъуэт - абы кьыщалъхуа икІи щапІа Іэпщэ Александр Тбилиси и «Динамо»-м и псэ хъуащ, псоми фІыуэ закъригъэльагъунуи хуэзфІэкІащ. Іэпщэм хэлъхьэныгъэшхуэ хуищІащ куржьы футболым и текІуэныгъэ тельыджэм.

Ди жагъуэ зэрыхъунщи, ар пасэу дунейм ехьжащ. Абы и щхьэгъусэ Іэпщэ Риммэ иджыблагъэ лъэІукІэ зыкъыхуигъэзащ Куржьм и Олимп комитетым и Іэтащхьэ, шахматистко цІэрыІуэ Гаприндашвили Ноно. Ар щІохъуэпс 1965 гъэм Тбилиси и «Динамо»-мрэ Мэзкъу и «Торпедо»-мрэ Ташкент щрагъэкІуэкІа «дыщэ зэІуцІэр» зытет видеокассетэр зыІэригъэхьэну. Абы, сыт щыгъуи хуэдэу, фІыуэ зыкъыщІэгъльэгъащ адыгэ щІалэм.

Іэпщэ Александр и щхьэгъусэ Риммэ, и бынхэу Ладинрэ ФатІимэрэ папщІэ видеокассетэм тредгъэхьижащ. Абы дэщІыгъуу Налшык идогъашэ и ныбжьэгъуу щытахэм я Іэщідз зытелъ топыр. Дз, Сашэ и ныбжьэгъухэм, Тбилиси кьыдогъблагъэ абы и щхьэгъусэмрэ и бынхэмрэ. Іэпщэр нобэми фІыуэ яІъаГу, кьыдэджэгуахэм кьищынэмыщІауэ, Куржьм топджэгум щыдихьэх псоми. Ар зэи дигу ихунукъым.

БАРКАЯ Владимир,
СССР-м спортымкІэ щІыхь зиІэ и мастер.
(«Свободная Грузия» газет, 1997 гъэ)

ТекІуэныгъэм и Іэфіыгъэр



Іэпщэ Александр и унагъуэр.

Экономикэ Политикэ

Махуэ

Кавказ Ищхъэрэ Жылагъуэ Іуэху

● УпщІэ - жэуап

Щхьэж зэрыхуейщ

Дыгъэгъазэм и 31-р зыгъэпсэхуэгъуэ махуэу щытыну? А упщІэм жэуап ирет Къэрал Думэм Лъжьыгъэмрэ соцполитикэмкІэ и комитетым и унафэщІ Нилов Ярослав:

- Дэ кІыхьтлъхьащ дыгъэгъазэм и 31-м и лэжьэгъуэ махуэр абы ипэ ит зыгъэпсэхуегъуэ махуэхэм ящыщ зым къагъэІэпхЬуэну. Арщхьэкіэ, депутатхэр хунэсыну кІыщІэкІынукІым а жэрдэмыр псынщІэу хабзэкІэ щІагъэбыдэну. Къащтэми, абы къару щигъэтынур 2020 гъэрщ. Ауэ, дэтхэнэ Іэхуэщ Іапіэми е щІыналъэми я Іэтащ-хьэм езым нэхъ кІеэзэгъыну кІыізэрилъытэм тету игъэІэпхЬуэфынщ. Псалъэм папщІэ, Томск областымрэ Ставрополь краймрэ я губернаторхэм ягъэуващ дыгъэгъазэм и 28-м (щэбэтым) лажьэу, дыгъэгъазэм и 31-м загъэпсэхуну. Къэрал псоу кІыізащІиубыдэу апхуэдэ унафэ щхьэхуэ кІыдигъэкІыфынущ Урысейм и Правительствэми.

Пэжыр къищІа нэужь...

- Удэ щхьэантІэхэм тафэр щІагъэнауэ ялъагъун папщІэ, жэмхэм нэгъуджэ удзыфхэр Іуалъхьэу жаІэ. Пэж?

- «Аргументы и факты» газетым зэритхымкІэ, Москва областым Мэкъумэш хозяйствэмкІэ и министерствэм къыщалъытащ жэмхэм гъэшу къащІэкІым хагъахъэуэ папщІэ нэгъуджэхэр къагъэсэбэп хьуну. Абы и Іэжьакіуэхэм тегъэщІапІэ ящІ удэ щхьэантІэхэр зи Іуфэхэм Іут псыежэх хэмхэр ялъагъуу кІыізыфІэщІ псэущхьэхэм я щытыкІэр нэхъыфІ зэрыхъум щхьехэт техъуэу Европэм щрагъэкІуэкІа къхуэтэнигъэхэр.

«Жэмхэм хуащІа нэгъуджэхэр» щІыпІэ зэмылІэужьыгъуэхэм щагъэхьэзэыру щІадзащ. «Мыбы делагъэ хэлъхьаи, - жеІэ Іэщ дохутыр Логинов Николай. - Совет лъэхъэнэм кхъуэ фермэхэм макъамэ дахэхэр къыщрагъаувэу щытащ псэущхьэхэр щагъашхэкІэ. Мурадыр зыхуэзгъэзэр Іусыр нэхъ гурыхьу къыщагъэхъунырт».

АтІэ бетон блынхэм я пІэкІэ жэмхэм къэкІыгъэхэм щагъэзна губгъуэхэр ялъагъумэ нэхъыфІкъэ? Шэч хэлъхьаи. Ауэ нэгъуджэр Іуахьжа иужькІэ-щэ? ФІэщщыгъуейщ пэжыр я гуапэ хъунУ. Гъэшым кІэрачынри хэлъщ...

Нэхъ мащІэ мэхъу

- Къэрал куэдым урысыбзэр щамыджыжу ягъэхъыбар. Сыт щхьэкІэ?

- УФ-м Егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ и министерствэм зэрыщыжаІамкІэ, урысибзэр зыдж щІыхуэхэм я бжыгъэр дунейм хуэдитІкІэ щехуэхащ, совет лъэхъэнэм ельытауэ. 1990 гъэхэм ар хамэ хъэралыбзэу школхэм, колледжхэм, вузхэм щызыджхэр мелуан 74,6-м щІигъуРт, 2018 гъэм зэрыхъужыр мелуан 38,2-рэ къудейт. Псом хуэмыдау ахэр нэхъ мащІэ щІыхъуащ КъуэкІыпІэ Европэмрэ Балканхэмрэ - мелуани 8-м нэсыжыркъым. СССР-р лъэпхъэ иужь урысибзэм и пщІэр щехуэхащ абы хэта республикэхэми - мелуани 119-м щыщу къэнэжар мелуан 82,5-рэщ. Ауэ урысибзэкІэ щІыхь нэхъыбэ псалъэ щыхъуащ США-м, Канадэм, Австралиием, Новэ Зеландиеми - мелуан 1,2-м икІри, мелуани 4-м нэс щыдэкІуеящ. Ауэ ар зи фІыщІэр ди къэралым иІэпхъуікІахэм я бынхэрщ.

Зэрыщыту къащтэмэ, урысибзэр къыщагъэсэбэп къэрал 27-м. Абы и лъэныкъуэкІи дунейм епщІанэ увыпІэр щиІыгъщ.

ЗэрыхуагъэфащэмкІэ, илъэситху дэкІмэ, урысибзэ зыщІэхэм аргуэру цІыху мелуан 20 яхэщІынущ.

Хуэм-хуэмурэ утыку къохьэж

- ЦІыхухэр аэропортхэм тутын щефэну хуит ящІыжыну, стадионхэм пивэ щащэну жаІэ. Ар пэж?

- 2013 гъэм къыщыщІэдзауэ цІыхухэр аэропортхэм тутын щрагъэфэжыркъым. Ауэ мыгувэу абы къыщыхэІуахьжыну къыщІэкІынущ тутын щефэну щІыпІэхэр. А хабзэгъэзыв проектыр еджэгъуитІкІэ Къэрал Думэм щыпхъыкІакІэщ. Іугъуэ щызыжьдэпшэ хъунущ къэпщытэнигъэ псоми уапхыкІа иужь кхъухьлъатэм упэпльэну уздагъэкІуа щыпІэм.

Пивэри аращ. 2006 гъэм спорт Іуэхущ Іапіэ псоми пивэ ущефэ, ар реклламэ щыпщІ мыхъуну ягъэуват. Ауэ цІыхубэм я лІыкІэхэм къалъытауэ къыщІэкІынущ ди клубхэм я джэгуКІэм умычэфу уемыплъыфынУ.

Мыри дигу къоКІыж: зэгуэр Инджылызым и парламентым хуабжьу щызэдэуащ пивэр щэн зэрыхуейм теухуауэ. Языныкъуэхэм абы тхъурымбэ тетын, адрейхэм темытын хуейуэ къалъытэрт. «Я насыпщ абы нэхъ нэхъ гукъеуэ здэщымыІэ къэралым щыпсэухэмэ абы и депутатхэмрэ», - дехъуэпсат инджылызхэм. Зэрытлъагъуащи, Къэрал Думэм хэтхэри нэхъ насыпынщэкъым, апхуэдизу «мыхьэнэшхуэ» зиІэ Іуэхуэхэм зэман хухахыну щахущІыхьэкІэ...

Щхьэщахыну ахэр къулейсызхэм?

● Налогхэр

ИкІэм-икІэжым, къулыкъущІэхэм я деж нэса хуэдэщ куэд щІауэ политикхэмрэ ІэщІагъэлІхэмрэ къызыхураджэр

Иджыблагъэ УФ-м и Правительствэм и унафэщІхэм жаІащ хэхъуэ нэхъ мащІэ дыдэ фІэкІа зыІэрымыхьэ цІыхухэм я улахуэхэм налогхэр хамыгъэкІыным и Іуэхум егупсысу. А хабзэр пасэу кьежьауэ къэрал куэдым щызэкІуэ, СССР-ми щыІащ апхуэдэ хабзэ - налог хагъэкІыртэкъым сом 70 фІэкІа мыхъу улахуэм. Социализмэр тхыдэм хыхьэжу, ди лэжьапщІэхэр сом минипщІэмкІэ къэдбжу дыкъуежьа иужь ар кІуэщІажащ, ди щащІэм хэта нэгъуащІ ефІэкІынымгъэхэми хуэдэу. Пэжщ, зыгуэрхэр къагупсысащ сабий зиІэ лэжьакІуэхэм яхуэгъэзауэ. Арщхьэкіэ, абыхэм жыжьэ уахьынутэкъым.

- А ПСОРИ нэпцІщ, - жиІащ профессор Выловэ Еленэ. - Псэун щхьэкІэ нэхъ мащІэ дыдэу зыхуейм фІэкІа зыІэрымыхьэ цІыхум къилажьыр къанэ щымыІэу къыхуэнэжын хуейщ. Абы уепІэскІуну емыкІущ.

Зи Іуэху епІыкІэхэр зэтемыхуэ политик, экономист Іэджэм куэд щІауэ къаІэуэ къулейсызхэм налогхэр щхьэщахыну. «Захуагъэ зэрыхэпльм и мызакъуэ, ар щІэгъэкъуэн хуэхъунущ къэралым зиужьыным, - къыхеГъэщхьэкІ Хьэрычэтыщ Іэхэмрэ бдэжэндырылажьэхэмрэ я зэгуэхьэныгъэм и Іэтащхьэ Бунич Андрей. - ЦІыхухэм ерыскъы, хьэпшыпІ нэхъыбэ къыхуащІэхуфынущ я унагъуэхэм. Абы улахуэмрэ экономикэмрэ къиІэтыныщ. НэгъуэщІ Іуэхуэхэри зэфІэха хъунущ. Щхэуу зекІуэ хэхъуэхэр хэпщІыкІыну нэхъ мащІэ хъунущ. Абыхэм Іэмал яГуэтынущ пльэныкъуэкІэ къащыІэрыхьэ ахьшэр ямыгъэпщкІыну».

- ЦІыхум къыпэжьа дэтхэнэ сомми щІэбэныну къыізэремыізэгъыр Іэщ Іагъэлі Іхэм жаІауэ щытащ, зи щхьэ хуэлажьэхэм ятеухуа законыр нэгъабэ къыщащтэм. Фигу къэдгъэкІыжынщи, ар зыхуэгъэзар абыхэм яІэрыхьэ хэхъуэм налог щхьэхуэ тралъхьэныр. Ауэ абы щыгъуэм правительствэм ар зэхихакъым. АтІэ сыт иджы къэхъужар?

ЯугъащІэ хэхьныгъэхэм!

ЗЫРИ пэмыплъауэ, Премьер-министр Медведев Дмитрий, Федераці эмкІэ Советым и спикер Матвиенкэ Валентинэ, финансхэмкІэ министр Силуанов Антон сымэ жаІащ нэхъ хуэмыщІахэм налогхэр щхьэщахын хуейуэ. Уегупсысмэ, абыхэм я Іуэху щыІэ зэрыхъунур властыр зыІэщІэлъ партым ича лъэбакъуэ пльэщІ. Абы и мызакъуэу, Правительствэм къыпльхьуэн хуей мэхъу экономикэм зэрызиужьыну ІэмалыщІэхэр», - жеІэ Бунич Андрей.

Хэт зымытынухэр?

АУЭ Правительствэм и мурадщ ящІыкІэ псори зэпишэчыну. «Мыбы хуабжьу сакъыу бгъэдыхьэн хуейщ. Псом хуэмыдау мы Іуэхум фІыуэ хэлъынымрэ хищІынагъэу къыжьынур зыхуэдизымрэ зэдгъэщІэну ди къалэнщ. ЩІыналъэ бюджетхэм ар къаззэрыщхьунри зыщыдгъэгъупщэ хъунукъым», - къыхиГъэбелджылыкІащ финансхэмкІэ министр Силуанов Антон. - Къатщтэ унафэхэм къариКІуэкІэ хъунур сыт? ТхэщІэкІ сыткІэ иридэжьэкъужьну? ИкІэм-икІэжым, хэт нэхъ хуэмыщІахэм яхэдгъэхьэнухэр? А упщІэхэм я жэуапыр къэбгъэуфыну тыншкъым. Языныкъуэ цІыхухэм къалъытэнкІэ хъунущ лей къатехьауэ. ЖаІэнщ: дэри дыкъулейкъым, апхуэдэу щыщыткІэ, сыт ди улахуэхэм налог щІыхьэкІыр?»

Дуней псом хабзэу къыщІокІыкІ псэун папщІэ зыхуеинум нэхърэ нэхъ мащІэ зыІэрыхьэ цІыхуэхэм я хэхъуэм налогхэр щхьэщацхьу. Австрие къулейм ди ахъщэм тещІыхьауэ сом мин 65-м щІигъу зыІэрымыхьэ цІыхуэхэм налог щрагъэтыркъым. Дэ псэукІэкІэ нэхъ тпэгъунэгъу Бразилием я бжыгъэр зэрыщыхьур мин 28,5-рэщ. Упсэун папщІэ нэхъ мащІэ дыдэу узыуейр сом мин 11-рэ 942-рэ хъуэу Урысейм щагъэуващ. Адрей къэралхэм ельытауэ мащІэкІэхъэ?

«Сомымрэ нэгъуэщІ ахъшэхэмрэ къыщІэкІыр зэпэтлъытмэ, ахэр апхуэдэ дыдэу зэпэжьыжьэжьнукъым, - жеІэ РАНм Псэукіэр зыхуэдэмрэ абы и флагъэмкІэ и институтым и ІэщІагъэлІ Бобков Вячеслав. - Ауэ нэхъ мащІэ дыдэу узыхуеинухэр къыізэрапщ пщалъэхэри ди деж щагъэльэхъ- шащ. Дэ къыхыдолъхьэ узыхуеинухэм я уасэр хуэдэ 3,2-кІэ хьаІэтыну. Арщхьэкіэ, Пэжьыгъэмкіэ министерствэм мыбы зэхъуэкІыныбгъэ гуэр хилъхьэну и мурад-къым».

Абы къыжэкІыу нэхъ зыхуэбгъэфащэ къунур налог зытрамылъхьэну улахуэр сом мин 12-м хуэдизынырщ. Ауэ къулейсызхэм мы зэманым бюджетым халъхьэ ахъшэр зэрыригъэкъужыну мыльку къэралым бгъэдгъэтІ. ЗэрыгурыІуэгъэщІ, цІыхухэм къабгъэдэкІ налог псори здэкІуэр щыналъэ бюджетхэрщ.

«Урысейм Статистикэмкіэ и къэрал комитетым кьитхэм ятепщІыхьмэ, зи улахуэр сом мин 12-м щІигъу цІыхухэм я бжыгъэр 2018 гъэм мелуан 13 хъуэу щытащ. Абыхэм зы илъэсым къабгъэдэкІащ сом меларди 158-м нэс, - жиІащ Плевановым и цІэр зезыхьэ Экономикэ университетым и доцент Архиповэ Марие. - Апхуэдизщ Правительствэм щыналъэ бюджетхэм лейуэ яхуиутІыпщым хуей хъунур. Дауи, зи гугъу тщІы хабзэр гъэзэнымэ. Ахъшэр щыІэщ. НДС-м зэрыкигъэхъуэам къыхэкІыу 2020 - 2022 гъэхэм федеральнэ бюджетым Іэрыхьэнущ сом триллиони 2-м щІигъу».

«Іуэхум политикэ фІэфІныгъэ халъхьэмэ, щІыналъэхэм зэрызыщІагъэкъуэну ахъшэ къыкъуэкІынущ, - жеІэ Бунич Андрей.- ЯхуэзфІэмыкІынумэ, Силуановым занщІэу пиупщІынут, «Ар ди къару дэхуэнукъым», жиІэу. Си гугъэщ къулейсызхэм налогхэр ящхьэщыхьыным и Іуэхум Правительствэр и фІэщу яужь ихьэну».

Шумерхэм я лъэужь

ИЛЪЭС мин зыбжанэ ипэкІэ цІыхубэ цивилизацэм хуабжьу зезыгъэужьа шумерхэм (иджырёй Иракым и ипщэ лъэныкъуэм - Тигрэ Евфратэ я зэхуакум - щыпсэуащ) къагупсысар шэрхьымрэ чырбыш гъэжьамрэ я закъуэхъым: абыхэм я къэралым япэ дыдэу прогрессивнэ налогыр къыщежьауэ кІаІуэтэж. НэгъуэщІ жыпІэмэ, налогхэр къыІахырт зыгъэпсэн я мылтъкур зыхуэдизым тещІыхьауэ: къулейхэм - нэхъыбэ, къулейсызхэм - нэхъ мащІэ. А хабзэр мы зэманым щызэкІуэ къэрал куэдым. АрщхьэкІэ, хэхъуэр зы цІыхум и мызакъуэу, абы и унагъуэм щыщ псоми ятегуэшэнми прогрессивнэ налогым хуэкІуэнми теухуауэ властхэм зэкІэ зыри жаІэркъым. Ауэ ІэщІагъэлІхэм къалъытэ епІэщІыкІэн хуэмейуэ: къыхалъхьа реформэр лъэ быдэкІэ зэфІэувэмэ, абыхэм я чэзури къэсынщ, зэкІэ гугъущ зэрыщыту унагъуэм къыІэрыхьэр зыхуэздизыр кьыупщІатэну. Прогрессивнэ налогри аращ: мылъкушхуэ зыбгъэдэлъхэм налогхэм зэрызыпІуэдзыну Іэмалхэр къыдэлъытэнущ, кІэлъыплъакъуэ-къэпщІакІуэ бжыгъэншэхэр зэрыщыІэм щхьэкІэ къэмынэу. Зи гугъу тщІы хабзэхэм гъэзгу щагъуэтынур 2025 - 2030 гъэхэрауэ къыщІэкІынущ. Арщхьэкіэ, нэхъ хуэмыщІахэм налогхэр щхьэщацхьфынущ 2021 гъэм къыщыщІэдзауэ. Ар япэ лъэбакъуэу щытынущ.

ЩІымахуэ зэпеуэр ирагъажьэ

● Футбол

Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкІэ 2019 - 2020 гъэхэм я щІымахуэ чемпионатыр зэхаублащ. Абы и ятІонэрэ щІымахуэ чемпионатыр иубыдащ нэгъабэрэ зэхьэзэхуэм щытекІуа Бахъсэн и «Автозапчасть»-м.

РЕСПУБЛИКЭМ и щІымахуэ чемпионатыр, адрей гъэхэми хуэдэу, зэ кьекІуэкІыгъуэу зэхэтынущ. Командхэр зыр адрейм зэрыхуэзэнэу зэрызэщІикІи абы къыхэкІыу дэтхэнэ зэІущІэми мыхьэнэшхуэ иІэщ.

Къэбэрдей-Балъкъэрым иужьрей иужьхэм гъэмахуэми щІымахуэми тепщэныгъэр быдэу щызыІыгъ Бахъсэн и «Автозапчасть»-м хуэфащэну лъэщу мы зэхьэзэхуэри иригъэжьащ. Ялэ зэІущІэм абы КъБКъУ-м и студентхэм я гъуэм жэуапыншэу щІидыгъэкІащ, кІыкІэлъыкІуэм хуэдитІкІэ нэхъыбэ Прохладнэ и «ГорИС-179 РусГидро»-м иригъэхьащ.

ПэщІэдзэ джэгуГуитІри я текІуэныгъэкІэ ирагъэхри, пашэхэм ящхьащ Налшык и «Мурбек»-р, Къэхъун и «Керт»-р, «Малка»-р. Зэрызэ фІэкІа мыджэгуами, я хьэрхуэрэгъуэхр бжьгъэшхуэкІэ хагъэщІащ («Кэнжэмрэ» «Бабугент»-мрэ. Адрей псоми хэщІыныгъэхэр ягъуэтащ. ЗэрыжаІэщи, Іуэхур зэребгъажьащ. Хэт ищІэн, пэщІэдзэ зэІущІэхэм зэхьэзэхуэр зэреклІуэкІыну щыкІэр яубыхуагъэнкІи хъунущ.

Гъуащхьаугъэм я зэпеуэм псынщІэу бжьгъэщ щиубыдащ Иорданиемэ топ щыджэгуу і къэзыгъэзэжауэ иджыблагъэ «Автозапчасть»-м хэт Бажэ Амир. «Спартак-Налшыкым» и капитану зэрыщытрэ куэдмыщІа а футболист цІэрыІуэм и хьэрхуэрэгъуэхэм мы зэхьэзэхуэм топитху щахудигъэкІащ.

Адэкіэ щыгъуаз фыхуэтщІынщ Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкІэ и щІымахуэ чемпионатым и пэщІэдзэ зэІущІэхэм ятекІуэрэ бжыгъэхэм: ятп джэгуГуэу - «**Спартак-Д**» (Налшык) - «**Ислъэмей**» (Ислъэмей) - **1:1**, «**Автозапчасть**» (Бахъсэн) - «**КъБКъУ**» (Налшык) - **4:0**, «**Керт**» (Къэхъун) - «**Союз**» (Сэрмакъ) - **1:0** «**Малка**» (Малкэ) - «**Инал**» (Къэрэгъэш) - **3:2**, «**КъБКъМУ**» (Налшык) - «**ХьэтІохъущыкъуей**» (ХьэтІохъущыкъуей) - **0:1**, «**Мурбек**» (Налшык) - «**Шагъдий**» (Зеикъуэ) - **4:0**; етІуанэ джэгуГуэ у - «**КъБКъУ**» - «**Шагъдий**» - **4:1**, «**Автозапчасть**» - «**ГорИС-179 Рус Гидро**» (Прохладнэ) - **8:0**, «**Тэрч**» (Тэрч) - «**Малка**» - **0:1**, «**ХьэтІохъущыкъуей**» - «**Мурбек**» - **3:6**, «**Инал**» - «**Керт**» - **1:3**, «**Союз**» - «**Спартак-Д**» - **2:1**, «**Бабугент**» (Бабугент) - «**КъБКъМУ**» - **3:0**, «**Кэнжэ**» (Кэнжэ) - «**Ислъэмей**» - **4:0**.

ХЬЭТАУ Ислъам.

Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкІэ 2019/2020 гъэхэм я щІымахуэ чемпионатыр зэрекІуэкІыр

	Командэхэр	Дж.	Къ.	З.	ФІ.	Т.	О.
1.	«Автозапчасть»	2	2	0	0	12-0	6
2.	«Мурбек»	2	2	0	0	10-3	6
3.	«Керт»	2	2	0	0	4-1	6
4.	«Малка»	2	2	0	0	4-2	6
5.	«Кэнжэ»	1	1	0	0	4-0	3
6.	«Бабугент»	1	1	0	0	3-0	3
7.	«Союз»	2	1	0	1	2-2	3
8.	«КъБКъУ»	2	1	0	1	4-5	3
9.	«ХьэтІохъущыкъуей»	2	1	0	1	4-6	3
10.	«Спартак-Д»	2	0	1	1	1-3	1
11.	«Ислъэмей»	2	0	1	1	1-5	1
12.	«Тэрч»	1	0	0	1	0-1	0
13.	«Инал»	2	0	0	2	3-5	0
14.	«КъБКъМУ»	2	0	0	2	0-4	0
15.	«Шагъдий»	2	0	0	2	1-8	0
16.	«ГорИС-179 РусГидро»	1	0	0	1	0-8	0

● КъБР-м щыІэ МВД-м къет

Щэхуу лажьэрт

Къэбэрдей-Балъкъэрым и хабзэхъумэ Іэнатіэхэм республикэм щызэхащІыжащ фадэхэкІ щхэуу щагъэхьэзыр цех.

КъБР-м щыІэ МВД-м Экономикэ шынагъуэншагъэмрэ Іулъхьэм пэщІэтыныжкІэ и управленэм, Урысей МВД-м и «Бахъсэн» къудамэм, Урысей ФСБ-м и щІыналъэ Управленэм я лэжьакІуэхэм зэщІыгъуу Іуэху щрагъэкІуэкІым, Куба къуажэм къыщызэтрагъэувыІащ спирт зыхэт фадэ зэмылІэужьыгъуэхэр щэхуу щагъэхьэзыр цехым и лэжьыгъэр.

Унагъуэм къыщагъуэтащ фадэхэкІым зэрелэжь Іэмэпсымэхэр, ящэну зыхэтыр аркъэ птулькІэу 5028-рэ, коньякыу литр 2514-рэ, фадэхэкІ цІэрыІуэхэм я этикеткхэхэр зытет этил спирту литр 80, купажу литр мини 2,9-рэ, щхьэтепІэхэмрэ птулькІэ нэщІхэмрэ.

Кьытраха фадэхэкІыр экспертизэм ягъэхьати, ар ГОСТ-м къымытІасэу, къэбгъэсэбэпыну шынагъуэу къигъэлъэгъуащ.

Хабзэхъумэхэм зэраубзыхуащи, фадэхэкІ нэпцІыр къыщІигъэкІыпт нэхъапэми уголовнэ жэуапым тІэунейрэ ирашэлІа, абы хабзэншагъэкІэ фадэхэкІ игъэкІынир хыхьэу, Куба къуажэм щыпсэу, илъэс 31-рэ зи ныбжь цІыхухэм.

ЗэрубзыхуамкІэ, щэхуу къыщІагъэкІ фадэхэкІыр ИлъэсщІэ махуэшхуэхэм ящэну арат. Псори зэхэту а цехым къыщагъэтущ птулькІэ нэщІу мин 17-м щІигъу.

Шэч зыхуащІыр яубыдащ. Урысей МВД-м и «Бахъсэн» къудамэм абы теухуа уголовнэ Іуэху къиІэтащ УФ-м и Уголовнэ кодексым и 171,1 статьям и 6-нэ Іыхьэм ипкъ иткІэ икІи ар илъэсихкІэ яГъэтІысынкІэ, хуэдэдиу сом 1 мелуаным нэс ирагъэпшынынкІэ хъунущ.

Зыгъэхьэзырар **ДЫГУЛЫБГЪУ Жантинэщ.**

● ЩІэпхъаджагъэхэр

ЕпщыкІуэнэри яубыд

Шэч зыхуащІхэр цІыху 40-м нэсынкІэ хъунущ

Урысейм Следствэмкіэ и комитетым и лэжьакІуэхэм ягъэбелджылащ Ингушым щыІэ «Э» центрым и Іэтащхьэ Эльджаркиев Ибрэхьим мы гъэм и щІышылэм и 12-м теуауэ, щІыкІуэгъуэм и 2-м ар зыкІаехэм яхэпщІауэ зыхуагъэфащэ цІыху 40.

ОЗДОЕВ Алихэн ягъэтІысахэм ящыщу епщыкІуэнэу къыщІэкІащ. Ар дыгъэгъазэм и 15-м Москва щаубыдащ, хабзэхъумэ Іэнатіэм и пэжжакІуэр иукІыну зэрыхэтамкІэ Ингушым. ЗэщІагъэуІуа щІэпхъаджащІэ гупым и унафэщІу къалъытэ Ингушым щыщІэрыІуэ хьэрычэтыщІэ Полонкоев Хьэсэн. Апхуэдэу, судым иригъэтІысащ абы и къуэ Зэчрей, и къуэшым и къуэ Аслъэн, Белхароев Алихэн, Накас- тоев Исса, Картоев Алий сымэ.

Фигу къэдгъэкІыжынщи, Эльджаркиевымрэ абы и къуэш Абдулахьмэдрэ щэкІуэгъуэм и 2-м Москва щаукІащ. ЩІэпхъаджащІэр МВД-м и лэжьакІуэм кІэрахъуэкІэ зыбжанэрэ еуащ. ИужькІэ, щэхэр тельэльащ Абдулахьмэд. ЦІыхухъухэр я пІэ къимыкІыу лІащ.

Мы щІэпхъаджагъэм хэпщІауэ къалъытэ цІыхухэм зэуэ яубыдащ дыгъэгъазэм и 6-м. Абыхэм яхэтщ лІыкІэр зыша таксир зезыгъэкІуари.

Хабзэхъумэхэм хуагъэфащэ Эльджаркиевыр илъэс 46-рэ зи ныбжь Картоев Къурейиу иукІаеу. Шэч зыхуащІыр хамэ паспорткІэ нэгъуэщІ къэрал кІуащ. Басман судым ар дуней псом къыщелъхьэхъу. Іуэхур зэхэзыгъэкІэжа къалъытэ баталхаджинхэм я общинэм и Іэтащхьэ Белхороев Ибрэхьим илъ ящІэжьи папщІэ апхуэдэ щІапхъаджагъэр ялэжьауэ. Яубыда псори а дин зэгуэхьныгъэм хэтщ. Абыхэм тхьэ яІуат Белхороев Ибрэхьим илъ ящІэжьну.

«Махуэкум» и къыдэкІыгъуэр зыгъэхьэзырар **ШАЛ Мухьэмэдщ.**

● Псыкъелъэхэр

ЩІЫПІЭ ТЕЛЪЫДЖЭ

Америкэм и Штат Зэгуэтхэм я Калифорние штатым щыпсэухэр ирогушхуэ Йосемити лъэпкъ паркым и дахагъым. Ар нэхъри телъыджэ ещІ Вернал псыкъелъэм.

Илъэс мин зыбжанэ ипэкІэ мылылъэм зэгуигъэкІа къуршхэм псыкъелъэ телъыджэхэр къигъэхъуащ. Вернал и мызакъуэу, цІыху куэд зыІэпэшэ Невадэ псыкъелъэми. А тІур бгыхэм къех лъэмыжу къыпщохъу.

Редактор нэхъыщхьэ ХЬЭФЫЦІЭ Мухьэмэд

Редколлегием хэтхэр:

Жьэкіэмыхъу Маринэ (редактор нэхъыщхьэм и ипэ къуэдзэ), **Жылаеэ Заурбэч** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Къаншокъуэ Эллэ** (жэуап зыхь секретарь), **Къардэн Маритэ, Къумахуэ Аслъэн, НэщІэныдыжэ Замирэ, Чэрим Марианнэ, Щхьэщэмыщ Иэ.**

Езыгъэтхахэр

«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ ирагъэтхащ (учредителхэр).

КъыдэзыгъэкІэжмрэ редакцІэмрэ я хэщІапІэр

360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 40-48-54, 42-63-64, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкІэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ Іуэхуэхэмкіэ - 42-22-86; къуажэ гъащІэмрэ экономикэмкІэ - 42-57-59; щэнхабзэмкІэ - 42-75-36; хабзэхъумэ Іуэхущ Іапі эхэм ядэлэжьэныжьмкІэ - 42-60-53; узынишагъэмрэ щІыуэпсыр хъумэныжьмкІэ - 42-22-89; егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ - 40-15-31; зэдзэкІакІуэхэм - 42-21-88; хъыбарыщІэхэмкІэ - 42-22-88, корректорхэм - 42-60-27; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер ІэнатІэм - 42-26-41; сурэтчэтхым - 42-75-78.

Тедзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, къыщаІэта Іуэхугъуэхэм я пэжагъынкІэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцІэмрэ я Іуэху епГъыкІэр зэтехуэ зэпыту щытхьым.

Газетыр Іэ тезыдзахэм яхуэхъыныр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщІэныгъэхэмкІэ и управленэм.

Тел.: 76-01-28, 76-01-10

Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатным и хуитыныгъэр хъумэнымкІэ Къэбэрдей-Балъкъэр щІыналъэ Іуэхущ Іапі эм ПИ №ТУ07-00117-м щІэту ятхащ.

Зы илъэсым газетыр 156-р къыдокІ.

«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ, КъБР, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 33

12+

Мы къыдэкІыгъуэм елэжьахэщ: жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ **Джатокъуэ Марьянэ,** *редактору* **ЖьэкІэмыхъу Маринэ,** *корректорхэу* **Щоджэн Инэ** *(1, 2, 3-нэ нап.),* **Щоджэн Заирэ** *(4, 5, 6-нэ нап.). КомпьютеркІэ газетым и теплъэр ящІащ* **Ныр Саидэ, Щомахуэ Марианнэ,** *сурэтхэм елэжьар* **Бицу Жаннэщ.**

Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер ІэнатІэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Іэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Индексыр П 5894 ● Тираж 2.056 ● Заказ №1152